**ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI**

**ÁJINIYaZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**«Súwretlew óneri hám miynet tálimi» fakulteti**

**« Súwretlew óneri hám injenerlik grafikası» kafedrasi**

**5110800 – «Súwretlew óneri hám injenerlik grafikası» bakalavr tálim baǵdarı 4-a kurs talabası**

**T.Matnazarovanıń**


# PITKERIW QÁNIGELIK JUMISI

## Tema: SÚWRETLEW JUMASLARÍNAN PAYDALANÍW ARQALÍ MEKTEP JASÍNDAǴÍ BALALARDÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYaLAW HÁM DÓRETIWShILIK QÁBILETIN RAWAJLANDÍRÍW JOLLARÍ


Talaba: Matnazarova T.

Ilimiy basshısı: docent Urazimova T.V.

Kafedra baslıǵı: Mambetqadırov Ǵ.


Kafedra májilisiniń 2021-jıl _______ sanesindegi № ______ protokolı menen jaqlawǵa ruxsat berildi

**NUKUS – 2021**

# SÚWRETLEW JUMASLARÍNAN PAYDALANÍW ARQALÍ MEKTEP JASÍNDAĞÍ BALALARDÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYaLAW HÁM DÓRETIWShILIK QÁBILETIN RAWAJLANDÍRÍW JOLLARÍ

## JOBASI:


Kirisiw. …………………………………………………………….. 3-6

I. Súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındağı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw jolları …..…………………………………………............ 7-14

II. Mektep jasındağı balalardı súwret salıw tiykarlarına úyretiw usılları ……………………….......................................................................... 15-30

III. Mektep oqıwshılardı súwretlew ónerin oqıtıw processinde kollanatuğın pedagogikalıq metodlar hám usıllar ……………............. 31-47

Juwmaqlaw ..……………………………………………………...... 48-51

Paydalanǵan ádebiyatlar ……………………………………….…..... 52-53

Qosımsha. Slayd-prezentaciya

# KIRISIW

Insan eń áweli hár tárepleme bilimli bolmaǵı lazım. Bilimli bolıw bul óz kásibin puxta ielew el jurtın Watan mápleri jolında shın kewilden miynet qılıw oǵan sadıq bolıw, onı ázizlew, ekonomika siyasiy huqıqıy bilimlerde jeterli dárejede iyelep barıw ruwxıy jaqtan maǵanası, manaviy kamolot sari umtilish, xalqınıń ǵam táshushleri, quwnıshlarında birge bolıw, ǵamxor, járdemshisi bolıw ulıwmalastırılıp aytqanda jámiyettiń rawajlanıwında barlıq qaǵıw jańalarında birge bolıw, qatnasıw onıń jaynap jasawı ushın qayǵırıw, barlıq waqıtta isenimli pikirler, arzu úmitler niyetler menen joldas bolıp júriw demekdur. Bunıń ushın hár dayım insan óz mustaqıl pikirlew qábiletliligin rawajlandırıp barıwı kerek. Ańlaw-qanday da bir ideyanı tup mazmunına túsinip jetiw. Erkin pikir júritiw nátiyjesinde insanda pikir muloxaza ideya, qıyal, maqset tiykarında keledi. Erkin pikir júrgiziw til hám aqıl - parasat baylanıslı qáwishte payda boladı hámde olar úzliksiz tárizde bir-birine bayan etedi. Mine sol tiykardan insan óziniń erkin pikirlewi, sóylesiwi problemması, tili hámde anlı minez-qulqı siyaqlı barlıqdaǵı mavjudlardan túpten ajıralıp turadı [II. 12, 23-25].

Insan erkin pikir júritiw tájribesinde payda bolǵan, sezgen, payda etken, oylaǵan kóz aldına keltirilgen yadında saqlap qalǵan nárse hám hádiyselerdiń tuwrılıǵı anıqlıǵı, haqıyqatlıǵı yamasa olardıń waqıtlarǵa más túsiniklerdi anıqlaydı. Erkin pikir júritiw processi tómendegishe basqıshlardan ibarat bolǵan.

Erkin pikir júritiw iskerliginde eń dáslep islep alıwı zárúr bolǵan problema insan tárepinen jaqsılap anıqlap (túsinip) alıw kerek. Egerde insan aldında hesh qanday másele yamasa problema payda bolmaǵan bolsa, al ol jaǵdayda qandayda bir nárse tuwrısında pikir júritpeydi. Mabada adam islewi shárt bolǵan másele tuwrısında qansha dárejede anıq hám tolıǵıraq maǵlıwmatqa iye bolsa, onı aqıllıq penen sheshiw jol hám vositalarini tap sonday-aq jeńillik penen tabadı.

kemnen kem otkerilgen. Sol sebepli bul jumıs ilimiy jańalıqqa iye hám kelejek áwlatti tárbiyalawda ahmiyetli orın tutadı.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları** súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındağı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw jolları teması boyınsha ilimiy-izertlewler basqıshpa-basqısh kórip shığılğan, rawajlanıw jolları tolığı menen analizlengen hám tolığı menen tiykarı kórsetilgen.

**Izertlew predmeti** – súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındağı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw jolları izertlew. **Izertlew obekti** – Qaraqalpaqstan Respublikasında kórkem óneri boyınsha oqıw processi hám oqıwshılardı súwretlew óneri quralları menen etetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw processi.

**Izertlewdin ilimiy bazası** – Súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındağı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıwdıń metodikasın fundamental jağday, korkem ónerdin xalatına, onıń jámiyettin rawajlanıwına baylanısına, sonday-aq pedagogikalıq hám psixologiyalıq qabıllawdıń oqıwshılardı jas kategoriyalarına karay strukturalıq sistemlik estetikalıq oqıtıw hám tárbiyalaw plandağı mağlumatlarğa súyenedi. **Izertlew metodikası hám metodları** Jazılğan pitkeriw qániygelik jumısında salıstırmalı hám waqıt strukturalık metodlar kollanğan.

**Izertlew nátiyjeleleriniń ilimiy tárepinen jańalıq dárejesi** Pitkeriw qánigelik jumısında jańalığı hám aktuallığı bugingi kúnniń ózgereslerin esapka alıp ótrıp súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındağı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw jolları ilimiy-izertlew jumısların ótkeriwden ibarat. Bul temağa izertlewshilerdiń az muğdarda xabarlasıw, ilimiy-izertlew jumıslardıń hám olardıń islengen nátiyjeleri keń jámiyette tarkalmağanı.

**Jumıs dúzilisi hám quramı** Kirisiw, tiykarǵı bolim, jumak hám paydalangan ádebiyatlar diziminen ibarat. Kosımsha – elektron prezentaciya hám korgezbe kural (banner)

**Orınlanǵan jumıstıń tiykarǵı nátiyjeleri** Jazılǵan pitkeriw qánigeylik jumısı súwretlew jumıslarınan paydalanıw arqalı mektep jasındaǵı balalardı estetikalıq tárbiyalaw hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw jolları boyınsha jazılǵan hám joqarı oqıtıw orınlarında, oqıtıw processsinde kollanba kural retinde paydalanıwǵa boladı.

## SÚWRETLEW JUMASLARÍNAN PAYDALANÍW ARQALÍ MEKTEP JASÍNDAǴÍ BALALARDÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYaLAW HÁM DÓRETIWShILIK QÁBILETIN RAWAJLANDÍRÍW JOLLARÍ

Kórkemlik dúnyaqaraslardıń rawajlanıwı kóplegen ilimlerdiń: filosofiya, sociologiya, psixologiya, pedagogika, kórkem ónerdi izertlew ilimi, estetikaniń – izertlew predmeti bolıp tabıladı. Biziń miynetimizde súwretlew óneri dóretpeleri menen tikkeley tanısıw arqalı mektep oqıwshıları kórkemlik dúnyaqarasınıń rawajlanıwına tiykarlanadı.
Estetikalıq tárbiya (hám pútinniń bir bólegi sıpatındaǵı kórkemlik dúnyaqaras) jeke adamnıń hár tárepleme rawajlanıwı sistemasındaǵı eń áhmiyetli elementlerdiń biri. Gózzallıqtıń bahasın biletuǵın, onı túsinetuǵın, ómir haqıyqatlıǵına estetikalıq qatnasta bola alatuǵın adam dúnyanı reńlerdiń, formalardıń, dawıslardıń pútkil rańbáreńliginde kórip, túsine aladı. Ol kórkem ónerdegi hám onı qorshap turǵan dúnyadaǵı sulıwlıqtı túsinedi [II. 21, 123-125].
Mektep oqıwshılarınıń estetikalıq tárbiyası obektiv qarama-qarsılıqlar hám subektiv sáykes kelmewshiliklerdi sheshiw jolı menen ámelge asırıladı. Tiykarǵı qarama-qarsılıqlar adamǵa tuwılǵan waqtında tábiyat tárepinen berilgen gózzallıqtı uǵınıw uqıplılıqları hám múmkinshilikleri, ómir haqıyqatlıǵı hám kórkem ónerge estetikalıq qatnası sebepli kelip shıǵadı. Sonıń menen birge bul uqıplılıqlar hám múmkinshilikler tek maqsetli baǵdarlanǵan, tártiplestirilgen, shólkemlestirilgen kórkem-estetikalıq bilimlendiriw hám tárbiyalaw jaǵdaylarında ǵana tolıq júzege shıǵarılıwı múmkin.
Bul sistemanı háreketke keltiriwshi tiykarǵı mexanizmler kórkem estetikalıq qubılıslardı rawajlanǵan estetikalıq túsiniw hám biliw; kórkem óner shıǵarmalarına tiykarlanǵan ruwxıy qatnasıq, adamlardıń uqıplılıqların rawajlandırıwshı hám olarda dúnyanı kórkemlik kóz-qarastan kóriwdi qáliplestiriwshi kórkem-dóretiwshilik iskerlik bolıp tabıladı.

Biz estetikalıq tárbiya processin insannıń estetikalıq mádeniyatınıń qáliplesiwine baǵdarlanǵan súwretlew ónerine oqıtıw barısında mektep oqıwshılarınıń kórkem-dóretiwshilik uqıplılıqlarınıń rawajlanıwına tikkeley tásir etiwshi aspektleriniń biri sıpatında qaraymız. Estetikalıq mádeniyatta dúnyanı estetikalıq seziniw, dúnyaǵa kóz-qaras, dúnyanı túsiniw, dúnyaǵa qatnasıq, estetikalıq sezim, qızǵın tásirli-sezimtallı tolǵanıs sıyaqlı bir neshe tiykarǵı quram bóleklerdi ayırıp kórsetiwge boladı. Atap aytqanda, minnetli quram bólekleri ruwxıy kúshli tásirli, jigerli, mánililikke baǵdarlanǵan kóz-qaraslar bolǵan, tolıq qáliplesken dóretiwshi insannıń rawajlanıwına baǵdarlanǵan, tap usı joqarıda atap ótilgen jaǵdaylar tiykarında estetikalıq tárbiya ámelge asırıladı. Bunnan tısqarı estetikalıq tárbiya insannıń ózin-ózi túsiniwine hám óziniń ishki tuyǵılarına tereńirek úńiliwine isannıń sociallasıwınıń tiykarǵı joqarı formalarınıń biri bola otırıp, ózine-ózi baha beriwiniń múmkinshiliklerine járdem etedi. Sonlıqtan estetikalıq tárbiyanıń eń jaqsı nátiyjesi, tolıq qáliplesken hám unamlı úylesikli, dóretiwshi jedelikli, joqarı dárejeli jeke estetikalıq mádeniyatqa iye, juwmaq shıǵara alatuǵın, ózine-ózi baha bere alatuǵın jaslardı kámalǵa keltiriw bolıp tabıladı. Haqıyqatında estetikalıq tárbiya jaslarǵa ulıwma insanıylıq qaǵıydalardan maqsetli, tańlawlı jolı menen, ónimli, epshillik penen paydalana otırıp ómirdegi óz jolın tabıwına múmkinshilik jaratadı. Bunnan tısqarı, biz mektep oqıwshılardaǵı dóretiwshilik qatnastıń, talap hám múmkinshiliktiń oyanıwına járdem etetuǵın, ondaǵı súwretshini tárbiyalaytuǵın estetikalıq tárbiyaǵa tiykarlanǵan kreativliliktiń qáliplesiwi haqqında da ayta alamız.

Mektep jasındaǵı balalardıń qáliplesiwindegi, onıń hár tárepleme rawajlanıwındaǵı estetikalıq tárbiyanıń tutqan rolin artıqsha bahalaw qıyın. Pútkil tariyx dawamında insannıń ómiri hám iskerligindegi gózzallıqtıń áhmiyeti ayrıqsha atap ótiledi. Gózzallıqtıń áhmiyetli elementi hám insannıń turmıs haqıyqatlıǵına estetikalıq qatnası sıpatındaǵı kórkem ónerdiń tásiri ayrıqsha

úlken hám túrli-túsli. Ol jaslardıń sanasınıń hám sezimleriniń rawajlanıwına, onıń kóz-qaraslarınıń hám isenimleriniń rawajlanıwına járdem etedi, ádep-ikramlılıqtıń qáliplesiwinde úlken rol atqaradı, insannıń ruwxıy ósiwine jaǵday jaratadı. Estetikalıq tárbiya tárbiyalawdıń óz aldına bir túri sıpatında qaralmaydı al tárbiyanıń barlıq basqa túrleriniń bir tárepi sıpatında qaraladı. Kórkemlik tárbiya estetikalıq tárbiyanıń joqarǵı, arnawlı forması sıpatında alǵa shıǵadı. Jaslardıń kórkem-estetikalıq tárbiyası jeke insan iskerliniń barlıq tarawlarına; aqıl miynetine, ádep-ikramlılıq tarawına, miynet etiw hám t.b. tarawlarına da taraladı [II. 14, 32-34].

Házirgi zaman mektep oqıwshılarınıń qádirlew hám bahalaw túsinikleriniń baǵıtları, olardı bilim alıwǵa májbúrlewshi sebepler, kásip tańlawǵa bolǵan qatnaslar hám basqa da kóplegen jaǵdaylar ózgerdi. Sonlıqtan jańa pedagogikalıq texnologiyalardı islep shıǵara otırıp, bilimlendiriwdiń sociallıq mádeniy ortalıǵın basqarıw sistemasın jetilistire otırıp, zaman talabına juwap beretuǵın, jańa áwlad jasların jaratıwdıń tiykarların esapqa alıw, olardıń ulıwma, hám sonday-aq, ayrıqsha múmkinshiliklerin, qábiletlerin, qánigelilik sıpatların anıqlaw zárúr. Joqarıda aytıp ótilgenlerge baylanıslı, birinshi gezektegi wazıypası jaslardıń kórkemlik dúnya qarasın qáliplestiriw hám estetikalıq tiykarlar arqalı kórkem ónerge tartıw bolǵan. Kórkemlik dúnyaqarastıń rawajlanıw processiniń estetikalıq tárbiyanıń quramına kiretuǵın bir bólegi ekenligi sózsiz. Solay eken, kórkemlik dúnyaqaras tutası menen alınǵan kórkem óner sisteması: kórkem ónerdiń súwretlew óneri hám dekorativ ámeliy túrleri, muzıka, teatr, ádebiyat – járdeminde de, sonday-aq insandı qorshap turǵan estetikalıq shólkemlestirilgen ortalıqtıń barlıǵı menen de qáliplestriledi. Hám birinshi gezekte, kórkemlik dúnyaqarastıń rawajlanıwına, kórkem ónerdiń kóz benen kóriwge bolatuǵın obektleri tásir kórsetedi. Sonlıqtan, biz, barlıq arnawlı túrde úylestirilgen, kóz benen kóriwge bolatuǵın

Adamnıń jeke qásiyetleri, onıń ruwxıy hám sanalılıq kelbeti birinshi gezekte oqıtıw processindegi tárbiya beriw barısında qáliplesedi. Bilimlendiriw sistemasında jeke adamnıń dúnyaǵa kóz-qarasın, aqıllılıq hám dóretiwshilik múmkinshiliklerin rawajlandırıwdı jedellestiriwge járdem beriwshi estetikalıq tárbiya ayrıqsha orın iyeleydi. Mektep oqıwshılardı estetikalıq tárbiyalawdıń tiykarı bolǵan klassikalıq, hám xalıqlıq kórkem óner oǵada úlken áhmiyetke iye. Ol oqıwshılardıń ómirine dáslepki balalıq shaqtan aq kiriwi tiyis. Mektep mákemelerinde kórkem óner dóretpeleri úsh baǵdarda qollanıladı. Jergilikli materialǵa, hám klassikalıq, hám xalıqlıq kórkem ónerge, onıń ózine tán ayrıqshalıǵına, tábiyatına keńnen súyeniw. Házirgi zaman kórkem óneri, onıń awıllarda, qalalarda islewshi dóretiwshileri menen tanısıw. Mektep oqıwshılardıń olardı qorshap turǵan, dıqqatqa ılayıqlı orınlardı, belgili waqıyalardı úyrenip, biliwi. Birinshi baǵdar – kórkem óner, sonıń ishinde súwretlew, xalıqlıq kórkem óner de, oqıwshılardıń kúndelikli turmısına, estetkalıq ortalıqtıń ajıralmas bólegi sıpatında kirgiziledi. Ekinshi baǵdar – kórkem óner bilimlendiriwdiń mazmunın quraydı: oqıwshılardı kórkem ónerdiń hár qıylı túrleri menen, súwretshiler tárepinen ashıp kórsetilgen waqıyalar, qubılıslar, obektler menen, olardıń shıǵarmalarındaǵı sazendeler, jazıwshılar hám shayırlar menen; ómir haqıyqatlıǵınıń jarqın obrazların jaratıwǵa múmkinshilik beretuǵın tásir etiwshi usıllar menen tanıstıradı. Úshinshi baǵdar – kórkem óner kórkemlik iskerliktiń hár qıylı túrlerinde qollanıladı, oqıwshılardıń kórkem dóretiwshiliginiń rawajlanıwına xızmet etedi. Kórkem óner obrazları gózzallıqtıń etalonı bolıp tabıladı. Dóretiwshilik negizler oqıwshıda janlı qıyalshıllıqtı, janlı fantaziyanı payda etedi. Dóretiwshilik óziniń tábiyatı boyınsha saǵan shekem hesh kim islemegen nárseni islewge, yamasa burınnan bar bolǵan nárseni ózinshe, jaqsıraq islewge háweslikke tiykarlanadı. Basqasha aytqanda, adamdaǵı dóretiwshilik negizler – bul bárqulla alǵa, eń

Hár qıylı kórkem óner túrlerin hám haqıyqıy ómirdi, kórkem ónerdi hám óziniń kórkem dóretwishiligin bir qansha tereńirek estetikalıq túsiniwge járdem beretuǵın hár túrli kórkem-dóretiwshilik jumıslardı integraciyalaw.

5. Balalardıń dóretiwshiliginiń nátiyjelerine húrmet penen qaraw, olardıń shıǵarmaların mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesiniń ómirine keńnen qosıp barıw.

6. Estetikalıq tárbiyanıń hár túrli baǵdarları boyınsha oqıwshılır menen islesiw usıllarınıń variantlılıǵı.

7. Mektep oqıwshılırdıń barlıq jastaǵı toparlarıdı kórkem-estetikalıq tárbiyalawdıń izbe-iz dawam ettiriliwi.

8. Mektep jasındaǵı balalardıń shańaraqları menen tıǵız óz-ara baylanısta hám birge islesiwi.

Mektep jasındaǵı balalardıń dóretiwshiligin marapatlay otırıp, onıń kóp nárselerdi ózinshe, bizlerden basqasha túsinetuǵınlıǵın esapqa alıw zárúr. Oqıwshını úyrete otırıp, hátteki ózińizge tanıslarda «tap usılay úyretiw»diń unamlı tájiriybesi bar bolsa da, qaytalanatuǵın qáliplerdi qollanbań. Sebebi eń baslısı – talantlı adamdı yamasa danıshpandı tárbiyalap shıǵarıw emes – al mektep jasındaǵı balanıń ishki dúnyası bay hám ráńbáreń bola ma, onıń múmkinshilikleri júzege shıǵarıla alama, ol dóretiwshilikke uqıplı ma, mine usında.

Mektep jasındaǵı balanıń jası úlkenler dúnyası tárepinen tárbiyalıq tásir kórsetiwine iykemliligi sebepli, jeke adamǵa baǵdarlanǵan modeldiń unamlı ádep-ikramlılıq múmkinshiliklerin júzege shıǵarıw ushın eń qolaylı waqıt bolıp tabıladı. Iskerliktiń mektepke shekemgi túrleri, balalardıń bir-biri menen qatnasında hám iskerliktiń nátiyjeli túrlerinde ózleriniń jeke dóretiwshilik qızıǵıwshılıqlarınıń ashılıwına járdemlese otırıp, balanıń jeke tulǵa sıpatında rawajlanıwı ushın «eń ıńǵaylı sharayat» jaratadı.

múmkinshiligin beretuǵın oylaw uqıplılıǵın qáliplestiriw. Mektep jasındaǵı balanıń oylıw qábiletin usılları hám mazmunı mine usı máseleni sheshiwge baǵdarlanıwı tiyis. Bul wazıypalar balalar iskerliginiń hár qıylı túrlerin: oqıw, kórkemlik iskerligi, háreket etiw, miynet etiwdi – ámelge asırıw barısında orınlanadı. Mektep jasındaǵı balanıń iskerliginiń túrleriniń biri «kórkem-estetikalıq tárbiyalaw» bólimi bolıp tabıladı. Bul bólim oqıwshılırdı kórkem óner menen tanıstırıwdı, rawajlanıp baratırǵan ortalıq estetikasın, súwretlaw iskerligin (súwret salıw, músinler islew, applikaciya), mádeniy dem alıw, konstrukciya islew hám qol miyneti, muzıkalıq tárbiyanı óz ishine aladı. Kórkemlik tárbiyanıń maqseti – kórkem ónerdi túsinip qabıl etiwdi, sezimler hám qızǵın tásirsheńlikti, oylawdı, este saqlawdı, sóylewdi rawajlandırıw: kórkem óner tarawındaǵı baslanǵısh, ápiwayı bilimlerdi biliwge tartıw; kórkem óner dóretpelerine qızıǵıwshılıq sezimin qáliplestiriw; oqıwshılırdıń kórkem dóretiwshiliktiń hár qıylı túrlerindegi dóretiwshilik uqıplılıqların rawajlandırıw; jeke tulǵanıń kórkem-estetikalıq mádeniyatlılıq tiykarların qáliplestiriw [II. 2, 102-104]. Kórkem-estetikalıq tárbiya wazıypaları tómendegi jaǵdaylarda bir qansha eń qolaylı túrde ámelge asırıladı:

1. Mektep jasındaǵı balalardıń jeke ózine tán hám jası boyınsha ózgesheliklerin barınsha joqarı dárejede esapqa alıw.
2. Kórkem-estetikalıq tárbiyanıń tiykarı kórkem óner hám qorshap turǵan ómir bolıp tabıladı.
3. Oqıwshılardıń ózleriniń kórkem-dóretiwshilik jumıslarınıń, túsinip qabıl etiwdi, obrazlıq túsiniklerdi, kóz aldına keltiriwdi hám dóretiwshilikti rawajlandırıw ushın ráńbáreńlik beretuǵın oqıw-tárbiyalıq jumıs penen óz-ara baylanısı.

dúzilisler arasında, kórkemlik dúnyaqarastı rawajlandırıw wazıypalarına súwretlew óneri shıǵarmaları eń tolıǵıraq juwap beredi dep ayta alamız. Súwretlew óneriniń oǵada úlken tárbiyalıq múmkinshilikleri, estetikalıq tárbiyanıń óziniń tiykarı ekenligi gúmansız, sonday-aq, ol ózin qálegen basqa tárbiyalıq processtiń kúsheytiwshisi sıpatında kórsetedi.

Házirgi zaman pedagogikasındaǵı, jaslar menen islesiwde súwretlew ónerinen paydalanıwǵa baylanıslı bolǵan izertlewlerde biz tómendegi tiykarǵı baǵdarlardı kórsete alamız:

1. súwret salıw menen shuǵıllanıw tiykarında dúnyanıń grafikalıq kórkem obraz jaratıw;

2. músinshilik dóretpesiniń tásiri tiykarında estetikalıq qatnastıń payda bolıwı precessi;

3. estetikalıq qabıl etiw tiykarların jivopis shıǵarmaları tiykarında qáliplestiriw;

4. kórkem bilimlilik tiykarların kitap illyustraciyaları menen tanısıw arqalı qáliplestiriw.

Sonlıqtan, bir sóz benen aytqanda barlıq insanlar ushın estetikalıq tárbiya hám rawajlanıwdıń ǵalabalıǵı hám minetliligi jámiyettegi belsendi jaslardı qáliplestiriwdiń, onı ruwxıy ómirge hám miynetke tayarlawdıń shárti bolıp tabıladı. Estetikalıq tárbiya sistemasın shókemlestiriw, sonday-aq pútkil tárbiya isine kompleks qatnasta bolıw principine tiykarlanadı. Mektep oqıwshılardı estetikalıq tárbiyalawda kórkem ónerdiń hár qıylı túrleri adamǵa kompleksli tásir ete otırıp, óz-ara baylanısta háreket etedi. Bul óz-ara tásir etisiwler kórkem ónerdiń hár qıylı túrlerin oqıtıwdaǵı hám tárbiyalawdaǵı tıǵız baylanıslar arqalı ámelge asırıladı. Estetikalıq tárbiya, sonday-aq ilimniń, miynetttiń, dene tárbiyasınıń, qatnasıqlar hám kúndelikli turmıs gózzallıǵın ashıw arqalı da kompleksli ámelge asırıladı.

Balanı tárbiyalawdıń eń áhmiyetli wazıypalarınıń biri – bul onıń aqıl-esin, sana-sezimin rawajlandırıw, onda jańalıqlardı ańsatlıq penen ózlestire alıw

jaqsısına, progresske, jetiklikke hám álbette, bul túsiniktiń joqarı hám keń mánisindegi gózzallıqqa umtılıw.

Estetikalıq tárbiya (hám pútinniń bir bólegi sıpatındağı kórkemlik dúnyaqaras) jeke oqıwshınıń hár tárepleme rawajlanıwı sistemasındağı eń áhmiyetli elementlerdiń biri. Gózzallıqtıń bahasın biletuğın, onı túsinetuğın, ómir haqıyqatlığına estetikalıq qatnasta bola alatuğın adam dúnyanı reńlerdiń, formalardıń, dawıslardıń pútkil rańbáreńliginde kórip, túsine aladı. Ol kórkem ónerdegi hám onı qorshap turğan dúnyadağı sulıwlıqtı túsinedi.

Estetikalıq tárbiyanıń bas maqseti mektep oqıwshılarda ómirge estetikalıq qatnastı tárbiyalaw bolıp tabıladı. Hám bul jerde eń baslısı:

ózin qorshap turğan sheksiz álemniń ajıralmas bólegi dep seziniw;

qorshap turğan dúnyada óziniń dawamın kóre biliw uqıbı;

basqa adamlarğa hám tutası menen alğandağı adamzat tariyxına hám mádeniyatına sózsiz baylanıslılıq.

Mektep oqıwshılardı kórkem óner usıları járdeminde rawajlandırıw dúnyanı bir pútinlikte seziniwdiń, kórkem óner menen, onıń barlıq kóp túrliliginde, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq talaplarğa ılayıq qatnasıqta bolıw ortalığın qáliplestiriwge járdem beriwi tiyis. Oqıtıwshınıń bağdarlawshı roli mektep oqıwshınıń bilimin, uqıplılıqların hám kónlikpelerin talapqa ılayıq ózlestiriwin, olardıń aqıl kúshin hám dóretiwshilik zeyinliligin rawajlandırıwdı támiyinleydi. Mine, tap usı sıpatlar tárbiyanıń ádep-ikramlılıq, ekologiyalıq, watan súyiwshilik hám basqa da túrleriniń bekkem negizin quraydı [II. 8, 13-15].

## MEKTEP JASÍNDAǴÍ BALALARDÍ SÚWRET SALÍW TIYKARÍNA ÚYRETIW USÍLLARÍ

Jas áwladtıń hár tárepleme jetilisiwinde tárbiya nın bir bólimi bolǵan, estetikalık tárbiya tiykarǵı elementleriniń biri bolıp kelmekte. Kásipke itibar, hár bir kisinin oylaw qábiletin ósiriw, onıń estetikalıq mútájligin qanaatlandırıw áhmiyetli wazıypa bolıp tabıladı. Bul wazıypalardı sheshiwde ulıwma bilim beretuǵın mektepler úlken rol atqarmaqta. Hámme pán sabaqlarında oqıwshılardı estetikalıq jaqtan tárbiyalap barıladı. Biraq súwretlew óneri sabaqlarında estetikalıq tárbiya ayrıqsha kasiytke iye. Súwretlew óneri páni orta mektep oqıwshılarında súwret salıw qábiletin payda etiw menen birge, olardıń kórkemlik túsiriwin asırıw, olardıń kórkem shıǵarmalarǵa sapalı túrde jantasıwı, olardıń jetiskenligin hám kemshiligin ashıp bere alıwı, tábiyat hám túrmıs gózzalıqların seze biliwge hám túsiniwge, usı sezim hám túsiniklerdi túrmısta kórsetiwge úyretedi.

Bul ullı hám sharapatlı, biraq qıyın wazıypanı oqıtıwshı ámelge asıradı, lekin oqıtıwshılardıń ózi súwretlew óneri shıǵarmaların úyreńgen joqarǵı kórkem tolǵamlı hám sawatlı, súwret salatuǵın bolıp jetilisiwi kerek [II. 19, 8-12].

Ayrım waqıtları súwret sızıwdı úyreńip atırǵan oqıwshı yaki talaba óziniń bilimine say kelmegen nárselerdiń súwretlerin salıwǵa urınadı hám sonnan anıq biliwge boladı, jeterli bilim hámde qábiletke iye bolmaǵanlıqtan zattı ózine uqsatıp sala almaydı. Nátiyjede túskinlikke túsip «súwret salıw meniń qolımnan kelmeydi eken», «mende talant joq eken» – degen pikirlerge kelip, súwret salıwǵa bolǵan qızıǵıwı páseyip hámde onnan kewli suwıp qalatuǵın jaǵdaylarda júz beredi. Sonıń ushın jańa súwret salıwdı úyrenip atırǵan adam eń ápiwayı zatlar (geometriyalıq figuralar kub, shar, konus, cilindr hám taǵı basqa úy ruzgershilik buyımlar) dıń ózine qarap súwret salıwdan baslawı maqsetke muwapıq boladı. Kerekli ilim hám bilimlerin iyelew menen birge jumıslardıń

mazmunında qıyınlastırıw kerek. Súwret salıw ushın talant hám qábilet bolıu kerek degen pikirdegi adamlarda ayrım waqıtlarda ushırasadı. Bul pikirdegi kisilerdiń qızığıwshılıq qábilet hám talant hámde olardıń túrlendiriw uqsaǵan adamnıń psixologiyalıq qásiyetlerin ańlamaslığı  yaki tolıq túsinbegenlikten kelip shıǵadı. «Qábilet, talant adamǵa tuwma ráwishte, yaǵnıy tuwılǵannan aq tayar halda beriletuǵın qásiyetler emes, qábilet hám talant adamǵa jaslıqtan baslap beriletuǵın tálim-tárbiya hám adamnıń jasaw shariyatı menen baylanıslı bolatuǵın paziylet».

Qábilet hám talant miynettiń nátiyjesinde boladı. Qandayda bir tarawǵa tiyisli máselen, muzıka yaki súwretshilik tarawı boyınsha tiyisli adam óz ústinde qunt penen islewi arqalı qábilet hám talant dárejesin asırıw múmkin. Demek talant sistemalı ráwishte orınlanatuǵın miynettiń ónimi bolıp esaplanadı dep aytılıwınan hámme zat adamnıń ózine, qızığıwına miynetine baylanıslı ekenligi kórinip turıptı. Demek sonday eken kerekli ádebiyatlardı oqıp, qunt penen sapalı túrde súwret salıp shınıǵıwlar islep barılsa sawatlı súwret salıwǵa úyreniw múmkin.

Súwret salıwǵa úyreniwde dáslepki orınlanatuǵın isler tuwralı ayırım kórsetpeler. Súwret salıwǵa kirisiwden aldın súwretlew (quralları) ın tayarlap, olardı isletiw usılları menen tanısıp shıǵıw zárur. Bular: qálem, óshirgish, súwret salıw ushın qaǵaz, qaǵazdı jabıstırıw ushın planshet yaki súwret taxtası, akvarel, guwash hám túr qálem usaǵanlar [II. 20, 18-20].

Qálemler hár qıylı jumsaqlıqta bolıp súwret salıwda ortasha jumsaqlıqtaǵı TM, M, 2M, marqalı qálemlerden paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Sebebi qattı qálem qaǵazdı titip jiberiwi múmkin. Qálemniń ushın shıǵarıwda da ayrıqsha itibar beriw kerek. Qálemniń grafit bólimi 4-6 mm agash bólimi bolsa 15-20 mm bolıwı kerek. Súwret salǵanda qálemdi úsh barmaq (bas, kórsetkish hám orta) menen jonılǵan bólimnen uzaǵıraq bosıraq uslanadı.

Onı qattı uslasa qoldıń qaltırawı hám salıqlar juwan hám qıysıq sızılıp ketiwi múmkin. Sonıń ushın qálemdi bosıraq uslap kóriner-kórinbes, jeńil sızıqlar salıwǵa úyreńiledi. Súwret salǵanda cirkul yamasa sızǵısh usaǵan mexanik áspablardan paydalanıw múmkin emesligi sebepli hár túrli (tik, jatıq, jińishke hám iri) sızıqlardı sızılıw tuwralı jeterli shınıǵıwlar orınlaw kerek [II. 13, 124-126].
Qıysıq yaki artıqsha júrgizilgen sızıqlardı óshiriw ushın óshirgishlerden paydalanamız. Óshirgish aq reńli hámde jumsaq bolıwı kerek. Qızıl reńli óshirgishten paydalanıw múmkin emes, sebebi onıń quramında qum kóp bolıp qaǵazdı artıqsha titip jiberedi. Ayrım aq óshirgishler qattı boladı, biraq onı kerosinge salıp eki úsh kún saqlansa, soń onı ıssı suwda sabınlap juwılsa jumsaq bolıp, kerosinniń iyiside joq boladı. Artıqsha sızıqlardı óshiriwde óshirgishti qattı baspastan hám ilájı barınsha (ásirese boyaw menen islegende) óshirgishten kemirek paydalanıwǵa háreket etiw kerek. Bunda birinshiden qaǵazdıń titilip ketiwinen saqlansa, ekinshiden hár bir sızıqtı oylap, pikir júritip ádetlenip barıladı. Ayrım kisi sızıp atırǵan súwretten qate tapsa, onı dárhal óshirip, jańadan súwret sıza baslaydı hám nátiyjede qáte tákirarlana beredi. Sonıń ushın salıp atırǵan sızıqtı óshirip jiberiwge asıkpań. Sebebi oǵan salıstırıp túrıp kerekli sızıqtı salıp alıw ańsat boladı. Óshirgishti isletkede bir qol menen qaǵazdı uslap, ekinshi qol menen qıysıq sızıq boylap óshiriledi. Óshirgishti isletip bolǵannan soń, onı qolda uslap túrıw jaramaydı, sebebi onday jaǵdayda  qol terlep óshirgishti suwlawı múmkin.
Súwrettiń jaqsı shıǵıwında qaǵaz úlken áhmiyetke iye «Vatman» hám «jartıvatman» qaǵazlar eń sıpatlı esaplanadı. Sonday-aq, súwretlerdi arnawlı islengen albomlarǵa salıw múmkin. Jıltıraq qaǵazǵa súwret salıw múmkin emes. Súwret taxtası yaki planshet qaǵazdı oǵan (knopka yaki kley menen) bekkemlep súwret salıw kerek. Súwret taxtaları bolmasa ápiwayı fanera yaki qalın kartonnan paydalanıw múmkin.

Akvarel hám guash boyawlar. Akvarel boyawlar tınıq bolıp, suwda ańsat eriydi. Ol pigment (maydalanǵan boyaw paroshogı hám biriktiriwshi zat, onda (shiyshe) kleyi, dekstirin (kraxmaldan tayarlanǵan kleyge usaǵan zat) hámde glicerin (yaki ballda) tayarlanadı. «Leningrad» hám «Niva» atlı naborlar eń sıpatlı akvarel boyawları bolıp esplanadı. Akvarel boyawları menen islegende onı biraz suyıq halda qaǵaz júzine súrtiliwi hám bunda boyaw astındaǵı qaǵaz kórinip turıwı kerek. Eger boyaw artıqsha qoyıw quyılsa jumısımız kir hám jaman bolıp shıǵadı. Qızıl, sarı, kók reńler tiykarǵı reńler. Qalǵan reńlerdi usı úsh tiykarǵı reńlerdi bir-birine qosıw arqalı tabıw múmkin, sonıń ushın olardı qosımsha reńler dep júritiledi. Kúl reńler qara reńler axromatik, qalǵan qızıl, sarı, kók, aspan kók, hám t.b reńler xromatik reńler dep ataladı. Bul reńler ıssı hám suwık reńlerge bólinedi. Íssı reńlerge qızıl, sarı, qızılt sarı (bul quyash hám ot jalın), usaǵan reńlerdi esletedi. Suwık reńler bolsa kók, aspan kók, kókshil, sıya kók, (bul muz hám qar) usaǵan reńler túrine usaydı.

Guash boyawlarıda suwda eriytuǵın, lekin akvarel usap tınıq bolmaǵan, biraq quramında kley qosılgan boyaw bolıp esaplanadı. Guash boyawları súwret islew menen bir qatarda dekorativ ámeliy ónerinde keń qollanıladı. Ol tez kebetuǵın hám ıssıdan (quyashta) basqa boyawlarǵa salıstırǵanda tez óship ketetuǵın boyaw bolıp tabıladı.

Qıl qálemler: boyaw menen islew ushın kerek bolatuǵın qural qıl qálem bolıp esaplanadı (kist). Olar domalaq hám jalpaq formalarda bolıp tıyın, porsıq usaǵan haywanlardıń qılshıǵınan tayarlanadı. Akvarel boyawları ushın domalaq hám jumsaq qılshıqlı ızǵarlanǵanda konus payda bolıp qılshıqtıń ushı jińishke bolıp birigedi qıl qálem isletiledi. Qıl qálemniń úlken kishiliginen kórsetiwshi nomerleri bolıp, olar tiykarınan 12-20 shekem bolıwı múmkin.

Súwret salıw kerek bolǵan qurallardı tayarlap hám olardıń isletiliwi haqqında jeterli túsinikke iye bolǵannan soń, súwretti salıw ushın tańlanǵan natura belgilengen jerge qoyıladı. Qarap súwreti salınıp atırǵan zattı «natura»

dep júritiledi. Qarap súwret salıwda usı zattı kerekli jerge qoyıw hám onı tuwrı baqlaw eń tiykarǵı processlerdiń biri bolıp esaplanadı. Súwretti salıw ushın zattı qoyar ekensiz onı túrmısta tutqan ornı, sıpatı mánili isletiliwi hám usıǵan usaǵanlardı anıqlap alıwǵa úyreńiw. Sonnan keyin onı kerekli jaǵdayda qálegen bir orınǵa ornatın. Súwreti salınıw kerek bolǵan zat salıwshıǵa salıstırǵanda óziniń úlekenliginen shama menen úsh mártebe uzaǵıraq jaylastırıw kerek, sebebi júdá jaqın aralıqtan zatlar kisiniń kóriw sheńberine hámmesi sıymastan hám onıń kórinisi uzaqtan anıq kórinbeydi. Baqlaw degende qoyılǵan zattıń keńisliktegi jaǵdayı (biyikligi, eni, kishi bóleklerin úlkenge) reńi, saya hám jarıqlıǵı perespektivlik qısqarıwların kóriw hám anıqlaudı túsindiriledi [II. 17, 14-15].

Baqlaw, jaylastırıw processinde súwretti qaǵazǵa tuwrı jaylastırıu hámde kaysı tárepinen súwret salınsa zattıń qásiyeti anıq, túsinikli hám kızıklırak shıǵıwıda anıqlanadı. Sonday ak zattıń hár tárepinen baklap korip súwretlerde (karalama) lar salınıp alınadı. Súwret salıw processinde qolda soqqan, buklengen halda tutıw hám qaǵaz bekkemlengen planshet (yaki súwret taxtası) kıyarak ornatılıu kerek. Súwret salıwǵa kiriskenizde naturanın ok sızıqların, en úlken ólshemlerin astıngı tiykargı ornın, jenil kóriner-kórinbes etip jenishke sızıqlar menen belgilep alıń, hár bir sızıqtı oylap orınlı salıwǵa ádetlenin. Perspektivanın qısqarıwların nezerde tutkan halda naturanın en úlken bólimlerin qaǵazǵa tuwrı jaylastırıp algannan son, saya hám jaqtılıktı anıqlawga kirisin. Qırlı predmetlerde saya hám jarıqlıqta keskin ajıratılıp túradı. Sonday-aq jaqtılıq aldında saya tezirek, kerisinshe sayanıń aldında jaqtılıq jánede anıǵıraq bolıp kórinedi. Cilindr sıyaqlı hám shar sıyaqlı predmetlerde jaqtılıq hám saya áste-aqırın jaqtılasıwı hám qarańǵılasıwı múmkin. Jumıs processinde zattıń úsh ólshemi: uzınlıǵı, eni hám qalıńlıgı haqqında pikir júritiwi ulıwmalıqtan – bóleklerge hám bóleklerden jáne ulıwmaǵa ótiwin umıtpaw kerek. Naturanı bir pútin kóriwge,

kóz benen shamalap hám sapalı súwret salıwǵa úyreniw kerek. Sonday-aq, súwretti zat penen tez-tez salıstırıp kemshiliklerin joq etiwge úyrenin. Súwretti natura janına qoyıp hám súwret salıp otırǵan jerden naturaǵa hám onnan súwretke tez názer taslaw jolları menen salıstırıw múmkin. Zattıń kólemin tabıwda jarıqlıq, saya yarım saya hám biyiklik usaǵanlarǵa ayrıqsha itibar beriń.

Zattıń ózine qarap súwret salıwda tómendegi ulıwmalıq qaǵıydalarga ámel qılıw kerek.

1. Salıw ushın zattı qoyıw hám onı gúzetiw.

2. Qaǵazdı kóz qáddisine tikirek jaylastırıw hám is processine hár tárepke burmaw kerek.

3. Perspektivalıq qısqartıwlardı názerge tutqan halda qálemdi bastan, jeńil jeńishke sızıqlar menen zattıń eń úlken bólimlerinen baslań.

4. Is processinde ulıwmadan bóleklerge hám bóleklerden jáne ulıwmalıqqa barıw.

5. Hámme waqıt salınıp atırǵan súwretti natura menen salıstırıw.

6. Jaqtılıq sayaǵa (menshik hám túsiwshi saya) áhmiyet beriw.

7. Isti aqırına jetkeriw (juwmaklaw).

Natyurmort dúziw hám salıw haqqında qısqasha máslahatlar. Natyurmort – degende jansız zatlar toplamın (úy ruzgershilik buyımlar gúller hám qatar basqa zatlar) súwretleymiz. Túrmısta kóplegen zatlardan paydalanamız, biraq olarǵa kóbinese itibarsız názer taslaymız hám mexanik halda paydalanamız. Súwretshilerdin natyurmort salǵan shıǵarmaların kórseńiz, onda siz parıqsız qaraǵan hám sizińshe «onsha qızıq bolmaǵan nárseler» qanday gózzal hám ájayıp, qızıqlı hám ájayıp ekeniniń guwası bolamız.

Zatlardı qızıǵıw menen onıń reńi, forması materiallıq qásiyeti, ne ushın jumsalatuǵını qısqası zat haqqında hár tárepleme pikir júritip gúzetiwge úyreniń. Natyurmort qoyıw ushın zatlardı tańlar ekensiz, olardıń qásiyetlerin ashıp

beriwge háreket etiń. Natyurmort dúzgende predmet hám zatlardı bir jerge toplap hám sonday-aq qatar qılıp mánissiz terip qoymań.

Olardı sonday etip jaylastırıń adam qarap temanıń mazmunın hám maqsetin anıq túsinip alsın. Ásirese úlkenirek predmet, zat kishkene predmet penen, domalaq-qırlı menen aq-qara menen bir-birne jaqın jaylastırganda olardıń ózinshelik qásiyetleri jánede anıǵıraq kózge taslanadı. Solay etip bir predmet ekinshiniń bir bólimin tosıp qalıwı, jarıqlıqtıń túsiui, reń hám reń túrleri qálemde ornalansa aq hám qaralıq materiallıq qásiyetleri formasınıń parqı hám onıń keńisliktegi jaǵdaylarına ayrıqsha itibar beriwi kerek.

Zatlardıń qálegenshe onıń almastırıwı múmkinligi súwret salıwshıǵa ámelge asırıwda úlken imkaniyatlar jaratadı. Máselen alma, pıshaq hám tarelkadan quralǵan natyurmort dúziwde adam predmetlerdi hár qıylı usılda jaylastırıwı múmkin. 1). Stolǵa tarelkanı qoyıp, onıń ishine almanı salıp, pıshaqtı bolsa tarelkaǵa súyep qoyıw hám kókshil tawardan fon sıpatında paydalanamız. 2). Tawar ilingen, biraq onıń bir bólimi stoldın ústinde, tarelka qıya qılıp súyep qoyılǵan almanıń bir bólegi kesilgen hám pıshaq jatqan halda (olardıń hámmesi yaki bir bólimi tawar ústinde) predmetlerdi jaylastırıp olardıń karkas, forması reńi hám reń túrleri bir reńniń ekinshi reńge tásiri usaǵan máselelerdi sheshiw múmkin.

Natyurmort salǵanda fonǵa ayrıqsha itibar beriw kerek. Qoyılǵan zatlardıń ulıwma túsin esapqa alıp, reńli materiallardan fon sıpatında (dáslep tegis hám keyin ala bólek buyımlar) qollanıp paydalanıw kerek. Máselen: ashıq nárseler, aq fonda hám qaraltım nárseler qara fonda anıq kórinbegenligi sebepli ulıwma túri jaǵınan araltım natyurmortqa ashıq fon hám ashıq natyurmortqa qara fon qoyıw maqsetke muwapıq. Biraq keyin ala jeterli bilim hám tolıq bilimge iye bolǵannan son, reń tarawında tereńirek tájiriybege iye bolǵannan son, bir-birine reń jaǵınan jaqın (ıssı yaki suwık reńli) nárselerdi sol reńli fonda islew múmkin [II. 12, 108-111].

Natyurmorttı kózden tómenirek jaylastırıw kerek. Demek, qanday da bir maqsetti gózlep natyurmorttı da dúzetin. Endi onı jaqsılap kórin, onıń súwreti qaǵazda qanday shıǵıwın kóz aldıńızǵa keltiriń hám basqa betke onıń qaralamasın salıp kóriń.

Qaralama yaki eskiz salǵanda natyurmorttı qaǵazǵa jaylastırıw, perespektivalıq qısqarıwları, natyurmorttaǵı predmetlerdiń biri ekinshisin qanshelli tosıp qalǵanın anıqlań. Reńlerdi sınap kóriń, eger jumıs ápiwayı qara qálemde orınlansa saya hám jaqtılıqların da qaralamada anıqlap alıń, sonnan keyin ǵana tiykarǵı jumıstı baslan.

Súwret salǵanda dáslep bir predmetti, keyin ekinshisin salıw múmkin emes, sebebei onda bir predmet úlkenirek yaki kishirek bolıp qalıwı, qalǵan predmetler qaǵazǵa sıymay qalıwı nátiyjesinde salınǵan islerdi óshiriw hám predmetler bir-birinen ajıralıp qalıwı jaǵdayları júz beriwi múmkin. Sonıń ushın natyurmorttaǵı predmetlerdiń hámmesin ulıwma bir bólek dep esaplap, eń úlken jerin ólshep yaǵnıy biyikligin hám enin qaǵazda tawıp alın.

Súwret salıwdı ulıwmadan bóleklerge (úlkennen mayda bóleklerge) ótiw qaǵıydasına tiykarlanıp orınlaw zárúr. Sonday-aq súwret salǵanda nárselerdiń juwan (kontur) sızıq penen shegaralap qoyman, sebebi zatlardıń kólemi saya hám jaqtı jeri, reńi hám reń túrleri járdeminde tawıladı. Júrgizilgen kontur sızıq bolsa, zattıń kólemin tabıwda qıyınshılıqlar tuwdıradı. Natyurmort salǵanda jumıs anıq bir waqıtta juwmaqlanıw kerek.

Ápiwayı temada, úy ruzgershilik buyımları, zergerlik ásbapları, geometriyalık figuralar hám t. basqalardan dúzilgen natyurmortlar 5-10  saatga mólsherlengen boladı.

Rossiya súwretlew óneriniń natyurmort ustaları: I.N.Kramskiy, A.Ya.Galovinish, K.A.Korovin, Yu.I.Elizarov, P.P.Konchalovskiy, I.E.Grabar, N.Kashina, I.P.Xruzickiy, V.Umlyacev hám t.b. realizm usılında suwretleriń dóretiken.

Dala kórinisiniń súwretin salıw. Tańlanǵan dala kórinisiniń súwretin salıw ushın belgili bir teoriyalıq bilimlerge hám súwret salıw qábiletine iye bolıw kerek. Bul perspektivalık nızamlıqlarına, jarıqlıq hámde saya teoriyaların biliw, olardı kerekli jerde qollanıp biliw, qálem hám boyawdı isletiw texnikasınan xabardar bolıu degendi bildiredi.

Natyurmort salǵanda nárselerdin orınları bir-biri menen almastırıp, hár qıylı boyawlardan paydalanıp olardıń mánili hám tásirsheńligin kúsheyttiriw imkaniyatları bar bolsa, dala kórinisin salıwda bunday qolaylıqlar bolmaydı. Sonıń ushın erte, tús hám keshirek terek, úy (dala kórinisi) hám t. basqalardıń sayaları qalay ózgeriwin tekseriń. Hár dayım dala kórinisin salıwda da ápiuayı temadan baslaw maqul boladı. Sebebi birden uzaqqa ketken soqpaqlar, úyler hám qalıń tereklerdi súwretlew júdá qıyın. Sonday eken dáslep qandayda bir japıraqlı kishkene nálshe yaki miyweli terek, qurılıstıń bir bólegi usaǵanlarǵa qarap súwret salıń. Sol usılda áste-aqırın temalardı qıyınlastırıp keńislik boslıqtı hám hawanıń jaǵdayın súwretlewge úyrenip barıń. Ashıq hawada dala kórinisin salıp atırıp ózgerip túrıwın este saqlań (quyashtıń ashıq hám sayalardıń ózgeriwi) kerekli reńlerdi tez hám anıq qoyıwǵa úyreniu kerek. Bul haqqında kóp miynet hám shınıǵıwlar islew zárúr. Kóz aldımızdaǵı kórinisti tásirli hám qızıqlı bólimin tańlap alıwǵa úyreniń. Sonıń menen birge qay jerde turıp kórinisti salıwdı (kóriw nuqtasın) da anıqlań. Dala kórinisiniń kompaziciyasın durıs tabıw ushın arnawlı (kardon qaǵazdan) tayarlanǵan videoiskateldan paydalanıw múmkin (durbin). Kartondı tórt múyesh formasında tesik qıyıp, áne sol qırqıp alınǵan jerden dalaǵa qarap kóriw sheńberine neler sıyıwın anıqlanadı. Biraq bul usıldan hár dayım paydalana beriw jaramaydı. Dala kórinisin tańlaw tarawında belgili bir dárejege jetkennen keyin sol videoiskateldiń keregi bolmay qaladı. Dala kórinisin salǵanda da onıń ápiuayı qara qálemde jeńil sızıqlar menen qaǵazada belgilenedi. Keyin reńler qoyılıp barıladı. Bunda reńlerdi eń uzaqtaǵı predmetler, aspan usaǵanlardan

baslaw maqsetke muwapıq boladı. Hár dayım birinshi plandaǵı nárselerdi anıshǵıraq hám uzaǵıraqtaǵı zatlardı buldıratıńqırap názik súwretlew, hawa boslıǵın kórsetiwde, jaqın hámde uzaqtı túsinikli qılıp kórsetiw áhmiyetli [II. 16, 11-13].

Tema tiykarında súwret salıw. Tema tiykarında súwret soǵıw bir qansha tayarlıq sabaqlarınan soń ótkiziledi. Tayarlıq sabaqların ótpesten aldın oqıwshılarǵa tema tiykarında súwret soǵıwdı tapsırıw jaqsı emes. Oqıwshı zattıń ózine qarap súwret salıwdı jaqsı bilsede yadtan, kóz-aldına keltirip salıwdı bilmese tema tiykarında súwret salıwda, bir qatar qıyınshılıklarǵa dus keledi. Tema tiykarında súwret salıwdıń mazmunına, dógerek átiraptı kórsetip hám ádebiy shıǵarmalarda súwretlengen waqıyalarǵa illyustraciyalar islew kiredi. Bul shınıǵıwlar oqıwshı hám talabalardı qıyalıy jaqtan tárbiyalaydı hám súwretleu iskerligin, izleniuin ósiredi, kompaziciya tarawında elementar kónlikpeler payda etedi. Tema tiykarında súwret salıw, baqlawlar hám qanday da bir hádiyseni kórsetiw menen de orınlanadı.

Tańlanǵan tema ápiwayı turmıstan alınǵan bolıwı kerek. Mısalı «Mektep háwlisi», «Atızda pishen orımı», «Biziń kóshe» hám máwsimlerge baǵıshlanǵan temalarda súwret salıw múmkin. Tańlanǵan temanı salıw ushın tómendegilerge itibar beriw kerek. 1). Tema mánisin tereń túsiniw. 2). Karalma hám eskizler salıp beriw. 3). Jumıstın úlken kemshiligin anıqlaw hám zatlardın tınıq kórinisin tańlay biliw. 4). Súwret salıwda qaǵazǵa tuwrı jaylastırıw hám perespektivalıq qaǵıydalarga itibar beriw. Joqarıdaǵı aytılǵan wazıypalarǵa itibar berip súwret salınsa maqsetke muwapıq boladı.

Ádebiy shıǵarmanıń mazmunına qarap súwret salıw. Ádebiy shıǵarmanı oqıp onıń mazmunına jaqsı túsinip, tanısqannan keyin, wazıypaǵa tiykarǵı personajlar anıqlanadı. Illyustraciyalıq súwret salıwda waqıyanıń eń qızıq jerine itibar berip, onı oqıwshılarǵa bir-neshe ret oqıtıladı.

Súwretlew óneri haqqında sáwbet. Orta mektepte oqıwshılardı grafika, musinshilik, arxitektúra hám halık ónerleri shıǵarmaları menen tanıstırıw jas áwladqa kórkem tárbiya beriw formalarınan biri, olardı joqarı ruwxta tarbiyalawdıń kúshli sebepshisi esaplanadı. Tábiyat kórinisi, gózzal súwret kórkem shıǵarmalar menen jaratılar eken – al oqıwshılarǵa emocional tásir etedi, tábiyattı súyiw, oǵan ashıq bolıw, onnan ráhátleniw, sezimin-estetikalıq sezimin oyatadı. Al adamdı estetikalıq bahalawǵa hám pikir júritiwge iytermelewdi bahlawshılıq hám gózzalıqtı kóre biliw hám seze biliw qábiletlerin úyretedi. Mine usınday sezimlerdi rawajlandırıwda Ózbekstan súwretlew óneri oqıwshılardıń ámeliy hám biyǵárez islewine xızmet qıladı. Súwretlew óneri shıǵarmaları menen tanıstırıw, baslawısh klass oqıwshıları ushın olarǵa jaqın dógerek atiraptagı turmıstan alınǵan temalar tiykarında ótkiziledi. Olar Watan, Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, mektep, shańaraq, dos haqqındaǵı temalar bolıwı múmkin. Tábiyat kórinisin kórsetken talantlı ózbek suwretshileri U.Tansıqbaev, N.Karaxan, R.Temurov hám t.b. óz shıǵarmalarında teńsiz Ózbekstannıń gózzal kórinislerin, biyik kókshil tawların, keń qulash jayǵan taza kurılıs imaratların, tábiyattın ózine tán hár-qıylı jaǵdaylarda reńleri hár-qıylı ashıq boyawlarda kórsetip bergen. Sabaq barısında dúnya júzi súwretlew óneri tariyxınan, sonıń ishinde ózbek hám rus xudojnikleriniń shıǵarmaların salıstırıw usılı qollanıp kórsetiw maqsetke muwapıq boladı. Mısalı N.Qaraxannıń «Altın gúz» atlı shıǵarması menen tanısıtırıp otırıp, I.Levitannıń «Altın gúz» atlı súwreti, U.Tansıqbaevtıń «Ózbekstanda mart» hám I.Levitannıń «Mart» kartinaları repradukciyaları arqalı kórsetiw kerek.

I.Levitan «Altın gúz» shıǵarmasında tábiyat gózzallıǵın júdá jaqsı súwretlep bergen. Kishkene say tınısh aqpaqta onıń shiyshedey tınıq suwında bultlar sayası kórinip turadı. Japıraqları joq-qızıl, altın reńli bir neshe jeńishke aq qayın terekleri, shettegi tik jarlıq boyında boy kóterip turıptı. Uzaq-uzaqlardan uyler, terekler, biydaylıqlar, qalalar zorǵa-zorǵa kózge taslanadı. Shıǵarmanıń

Suwretlew óneri iskusstvasınıń tiykarǵı wazıypalarınıń biri oqıwshılarǵa estetikalıq, atap aytqanda kórkemlik beriwden ibarat. Estetikalıq tárbiya bul oqıwshılardıń turmısındaǵı, tábiyattaǵı, iskusstvadaǵı adamlardıń ózara qatnasıǵındaǵı gózzallıqlardı tolıq túsiniw uqıbın tárbiyalaw hám gózzallıq nızamlıqları tiykarında tvorchestvasın ósiriwden ibarat. Óytkeni, gózzallıq adamlardıń aqıl-oyına, kewil-kúshine, erkine tásir jasap, ruwxıy dúnyasın bayıtadı.

Solay etip, mektepte suwretlew ónerin oqıtıw arqalı bir qatar tálim tárbiyalıq wazıypalar ámelge asırıladı. Bul wazıypalardı ámelge asırıw oqıwshılardıń oy-órisin rawajlandırıwǵa múmkinshilik beredi, olardıń qorshaǵan ortalıq tuwralı túsiniklerin ulıwmalastıradı hám tereńlestiredi. Usılardıń tiykarında balalarda dúnyaǵa kóz-qaras qáliplestiriledi [II. 18, 123-125].

Súwretlew óneri sabaǵı kórkem óner arqalı balanıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriwi tiyis. Sebebi mine usı kórkem óner gózzallıqtı túsiniw sezimin oyatadı, ideyalar hám sezimler arasındaǵı baylanıs xızmetin atqaradı, barlıq mádeniyatlar ushın ulıwma ortaq til bolıp tabıladı. Qıyal menen kóz aldına keltiriwge járdem beredi, oqıwshını arnawlı qızıǵıwshılıqlar, uqıplılıqlar hám múmkinshilikler tarawına jeteleydi, islep shıǵarılǵan ónimlerdiń sapası hám orınlanıw sheberligi haqqında oylawdı rawajlandıradı, jarasıqlılıqtı seziwdi, kúndelikli turmıstıń hár qıylı táreplerin rawajlandırıwǵa, bos waqıttan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa úles qosadı hám bul jerde geyde kórkem óner shıǵarmaları menen sabaq waqıtında dáslepki tanısıwlar reprodukciyalar yamasa slaydlar járdeminde baslanǵanlıǵınıń záleli joq, sebebi bul gózzallıq penen ushırasıw boladı, solay etip oqıwshınıń sabaqtı ózlestiriwi shólkemlestiriledi.

tán qálem terbetiwi, milliy usılı salılǵan súwretlerdegi boyawlardıń tuyǵınlıǵı hám xudojnikleriniń qıl qálemine múnásip bolǵan shıǵarmalardıń ajıralıp turıwı dıqqat itibardan shette qalmaydı. Oqıwshılar sáwbetlesiw sabaqlarında bir qatar ózbek hám t.b xalıqlar xudojnikleri tárepinen jaratılǵan shıǵarmalarınıń basqa janrları menen tanısadı.

Óz betinshe orınlanatuǵın jumıslar. Mektep jasındaǵı oqıwshılarına oqıw baǵdarlamasındaǵı materialdı úyretiw ushın dáslep bolajaq oqıtıwshı súwretlew óneri tarawında jeterli bilim hám bilimin asırıwı kerek. Ulıwma durıs soǵıwdı úyretiw talabalardan kóbirek óz betinshe islewdi talap etedi. Demek, hár bir kurs talabası usı kurs ushın kórsetilgen ádebiyatlar ústinde islep olardan konspektalar alınadı hám ámeliy súwretler salınadı. Bunda talaba akvarel hám guash boyawlarının qásiyetleri, perespektiva nızamlıqları, jaqtılıq teoriyası, xudojniklerdiń óneri hám iskerligi usaǵan teoriyalıq bilimlerdi iyelep, qálem hámde boyawlarda sıpatlı súwret salıw barısında ámeliy shınıǵıwlar orınlaydı. Talabalar ǵárezsiz (óz betinshe) orınlaǵan jumısları tiykarında waqtı-waqtı menen (hár semestr yaki oqıw jılının aqırı) esabat beriledi. Sonday-aq jumıslar (reyting imtixanlar) sınaqlarda tekseriledi. Óz betinshe orınlaǵan ámeliy jumıslar mazmunına kore albom hám aq qaǵazlarǵa islenedi. Sonıń menen bir qatarda hár bir talaba klass taxtasına por menen súwret salıw tarawında da sistemalı ráwishte shınıǵıwlar orınlap baradı.

Dekorativ súwret salıw usılları. Mektepte dekorativ súwret sabaqları tiykarınan eki túrde alıp barıladı. Birinshi naǵıs salıw, ekinshisi dekorativ grafikalıq isler. Naǵıslar tiykarınan qanday da bir zattı bezew ushın isletiledi. Nátiyjede onıń súwretleniwi kúsheyip, olar shıraylı kórinedi, kózlerdi quwandıradı. Naǵıs arqalı adam ómirindegi, kiyim kenshekler, ıdıs-tabaqlar, úy-jaylar, maydanlar, qısqası bar bolǵan hámme zatlar bezetilgenligi hám bezetiliwi sebepli hár bir milettiń mádeniyatın, onıń tariyxın úrip-ádetlerin bilip alıwda xızmet atqaradı. Mısalı Ukrainanıń hár qıylı ósimlikler elementinen dúzilgen

kesteleri, Qazaxstannıń ósimlikler hám haywanatlar shaxının elementlerinen dúzilgen gilem hám kiyizleri, Ózbekstannıń miywe hám ósimliklerinen gúli hám miywesiniń jaqınlastırılǵan naǵısları (hár qıylı atlaslar, taxıya, oramalar hám t.b.) arqalı biliw múmkin.

Naǵıstıń tiykarǵı qásiyetleinen biri elementleri ritmli boladı. Naǵıslar ápiwayı hám qıyın boladı. Naǵıslarda bir qıylı elementtiń belgili bir aralıqtan soń qaytalanıwı yaki almastırılıwı ápiwayı naǵıs bolıp tabıladı. Qıyın naǵısta bolsa qandayda bir element óz formasın ózgertip baradı. Naǵıstaǵı gózzallıq jaǵımlı kóbinese olardıń simmitriyalık qásiyeti menen de ajıralıp turadı [II. 6, 111-113].

Simmetriya – grekshe sóz bolıp, ólshemlerdi bir-birine say keliwi mánisin bildiredi. Simmetriyada oqlı hám oraylıq bolıwı múmkin. Oqlı simmetriyadan naǵıstıń birinshi yarımı ekinshisine uqsaydı. Kóp múyesh yaki dóngelektiń orayına ótken simmetriya oqları oraylıq simmetriya oqları esaplanadı. Naǵıslar simmetriyasız bolıwıda múmkin bunday jaǵdayda biz jol ishindegi naǵıslarda kóriwimiz múmkin.

Ápiwayı naǵıslar eki túr bolıp olar sheksiz hám hár tárepi jabıq naǵıslar. Tárepleri jabıq naǵıslar-tórtmúyeshlik, dóngelek, tuwrı tórt múyeshlik hám t.b. naǵıslar. Dekorativ súwret sabaqlarında oqıwshılardı estetikalıq jaqtan tárbiyalawda kompoziciya máseleri belgili orınlardı iyeleydi. Birinshi wakıtta úyretiw prockessinde ápiwayı jol ishindegi naǵıslar salınadı, keyinala tórtmúyeshlik dóngelek hám tuwrı tórt múyeshli formasındaǵı naǵıslardı salınıwı kerek. Keyin quramalı naǵıslarǵa ótiwge boladı, naǵıslardan forması hám mazmunı jaǵınan quramalıraq bolǵan kompoziciyalardı dúziwdi talap etedi.

Naǵıs salıw ushın tańlanǵan kórsetpeler xalıq ámeliy ónerindegi shıǵarmalar shiyshe, mıs, ganch, aǵash, gezleme hám t.b ılay materiallardan islengen buyımlar sonıń menen birge taxıya, suzanna, darbet, atlas hám soǵan usaǵan xalıq ámeliy ónerlerin alıp, naǵıslardıń gózzalıǵına yaǵnıy elementler

forması, ólshemleri reńi hám olardıń bir birine sáykesliliginen paydalanıp nağıs salıw múmkin. Jáne sonı aytıp ótiw kerek nağıs elementleri tiykarınan tábiyat ósimliklerinen alıp, paydalanıp dúzilgen. Mısalı erkekler kiyetuğın taxıyadağı element burısh hám tağı basqa buyımlar soğan uqsas lola, átirgúl, chuchmulla, hám bir qatar gúl hám miyweler kórinisi súwretlengen.

Tábiyattan alınğan ósimlikler elementi gúlalshılıqta da keń tarqalğan, hár bir kisi óz turmısında bunıń anıq mısalın kóriw múmkin. Hár qıylı sınap hám shını ıdıslar, olardan lágen, keseler, tabaqlar, shaynek keseler hám tağı basqalar [II. 3, 106-110].

Nağısta tiykarğı roldi reń oynaydı, sonıń ushın reńler birikpesi ayrıqsha itibar beriw kerek. Dekorativ súwret (nağıs) salıw islerinen tómendegi bir neshe shınığıwlar kórinisin kórsetemiz: 1). Jol ishine qareli, shiye nağısların salıw. Sonı aytıp ótiw kerek, ósimlik gúlleri hám japıraqlardan nağıs salılğanda olardıń haqıyqıy kórinisin alıw shárt emes, bálki onıń kórinisin hám formasın ápiwayılastırıp, shártli ráwishte súwretlenedi. Nağıs salıp atırğanda nağıs bókleriniń muğdarı tuwrısındağı emes, bálki ol bóleklerdiń qaysı usılda jaylastırılıwı haqqında da oylaw kerek. Ápiwayı nağıs salıw ushın jol sızıq salıp onıń birdey bólekshelerge tórtmúyeshliklerge bóliw kerek, hár bir tórtmúyesh ishine birdey aralıq qaldırıp, qıya halında ońğa hám solğa salıladı hám japıraq ushları bir-birine tutastırılıp, japıraq arasındağı boslıqtı bolsa shiye (alcha miywesi menen toltırıladı). Japıraq hám shiye miywesi birdey etip tákirarlanadı hám reytim payda boladı. Belgili bir tártipte tákirarlanğan bir yaki birneshe shiye hám japıraqlardıń shártli súwretlerin reytimlengen nağıs dep ataydı. 2). Jol ishine shınjır sıyaqlı nağıs salıw. Bunda xalıq nağısında kóp qollanılatuğın ápiwayı nağıs salıwdı úyreńilgen. Aldın jol sızığı tartıladı hám olardı bir neshe tórtmúyeshliklerge bólip, tórtmúyeshlerdi jatık sızıqlar járdeminde teń eki bólekke bólinedi tótrmúyeshliktiń yarımına, yarım sheńber salılıp, basqa yarım sheńberler bolsa bir ret tómenge hám bir ret joqarığa qaratıp salıla beredi.

Nátiyjede islemeli uzınlıqtağı shınjır sıyaqlı nağıs payda boladı. 3). Lola nağısın salıw. Lola nağısı ápiwayı formada simetriyalı súwretlenedi. Jol ishine tórtmúyeshiller salıladı hám ol teń ekige bólinedi, hár bir tórtmúyesh ishine ápiwayılastırılğan lola súwreti jaylastırıladı, eki lola aralığında, tómenge qarağan lola súwreti payda boladı. 4). Kvadrat ishine shtrix usılında nağıs salıw. Dáslep tórtmúyeshlik salıp onıń ishinen qaptal tárepleriine sızıqlar tartıladı. Keyin tórtmúyeshtiń tórt tárepinen núkteler qoyıp ol e tendey bóleklerge bólinedi. Ol núktelerdi tigine hám kesesine sızıqlar menen biriktirip tórtmúyeshti toğız bólekke bólinedi. Júrgizilgen sızıqlar oq sızıq esaplanadı. Olardıń eki tárepinen belgili bir ólshemde parallel sızıqlar jiberilip nağıs jasaladı. Bul nağıs jasalıw jağınan júdá qıyın bolıp, talabalardan tórtmúyeshliklerge bóliwde kóz benen anıq esaplawdı talap etedi. Tórtmúyeshlik ishindegi sızıqlar biri-ekinshisiniń ústine tuwrı ótip kete bermesten, ol bir ret astınan, ekinshi ret ústinen ótip túyin payda etedi. 5). Sheńber ishinde paxta hám juldız nağısın salıw. Súwret pútin bir sızıqtıń ústine úlken etip islenedi. Dáslep dóńgelek salıladı. Onıń ishine jáne bir dóńgelek salıladı. Dóńgelek átirapın segiz bólekke bólip, onıń orayınan (ortasınan) túkteler arqalı dioganol sızıqlar júrgiziledi. Sonı aytıp ótiw kerek aldıńğı sabaqlarda juldız súwretin salğan edik, bunı bir eske alıp, juldızdı sheńber ortasına salıladı. Juldız súwretin islep bolğannan soń onıń átirapına paxta salıladı. Keyingi sabaqlarda nağıstıń ayırım kemshiliklerin durıslağannan keyin akvarel boyaw menen boyaladı.

## MEKTEP OQÍWShÍLARDÍ SÚWRETLEW ÓNERIN OQÍTÍW PROCESSINDE KOLLANATUǴÍN PEDAGOGIKALÍQ METODLAR HÁM USÍLLAR

Kórkem óner qaysi kóriniste bolmasin adamlardiń ishki-tuyǵisina, ruwxiyatina tásir etiwshi zat sipatinda payda boladi. Hár bir dóretiwshi óz ústinde izlenedi, óz ústinde miynet qiladi. Mine soniń ushin da kórkem óner ózine tán túrlerge iye. Ádebiyat, muzika, teatr, kino, tsirk, arxitektwraliq, súwretlew hám ámeliy bezew siyaqli basqa kórkem óner túrleri da bar. Biz siz benen usi kitapta tiykarinan Ózbekistan súwretlew kórkem óner tarixi hám oniń úlgileri menen tanisamiz.

Súwretlew óneri – eń áyyemgi hám keń tarqalǵan kórkem óner túrleriniń biri. Oyaniw dáwiriniń ulli xudojnigi Leonardo da Vinchi «Tábiyat jaratqan kórinislerdiń barliq sipatlarina óz kórkem óneri menen shamalaw boyinsha sheber usta bolmasań jaqsi súwretshi boliwińa gúman bar», dep qaytalawinda kórkem ónerti iyelew tábiyatti úyreniw, oni súyiw menen qanshelli baylanisli ekenligin kórsetip, bul tarawdiń júdá bekkem taraw ekenligin uqtirǵan edi [II. 7, 16-18].

Súwretlew óneri óz orninda músinshilik reń súwret hám grafika siyaqli túrlerge bólinedi. Súwretlew kórkem ónerinda ómirlik, barliq kórnisler, siziqlar, reńler arqali súwretlenedi.

Hár bir súwretlew kórkem óner shiǵarmasi kompozitsiyasiniń ózine tán dúzilisi hám mazmuni menen barliq tárepleri bar. Soniń ushin da súwretlew kórkem óner shiǵarmasi kompozitsiyasiniń uliwma nizamliqlarina ámel qilǵanda ǵana jaratiladi. Bul orinda biz kompozitsiya túsinigi ózi ne? Ol qanday nizamliqlardi talap etedi, degen sawalǵa belgili dárejede juwap bere aliwimiz kerek.

Kompozitsiya dúziw, jaylastiriw, dóretiw nátijesinde kórkem ónertiń óz aldina bólimlerin tereń bir pútinlikke keltiriw ekenligin ańlatadi. Súretlew kórkem ónerinda kompozitsiya júda keń mánige, ózine tán óz aldina kerekli

táreplerge iye. Jána sol zatqa itibar beriw kerek, súretlew kórkem ónerinin hár bir túri yaki janrda kompozitsion dúziliw belgili dárejede pariqlaniwdi talap qiladi. Súretlew kórkem óner shiǵarmasinda kompozitsiyanin ápiwayi nizamlardan baslap shiǵarma mazmunin ashíp beriwge shekemgi bolǵan izleniwlerde de ózine tán kompozitsiya sirlari boladi. Shiǵarmanin kórkem mazmuni, sipati, kórkem óner dárejesinde jaratiliwi tamashagóy, oqiwshi tárepinen pikir júrgizilip atirǵan bir waqitlari dóretiwshinin ózi oylamaǵan sezilerli qirlari da júzege shiǵip qaliwi múmkin. Kompozitsiya tap sonday quramali kórkem ónertin teren dúzilisin dúziwshi taraw bolip esaplanadi. Súwretlew kórkem ónerinin tarixindaǵi úlgilerdi tuwri kórsete aliw ushin kompozitsiya haqqindaǵi názeriy túsinik hám bilimge iye boliw kerek [II. 9, 112-115].

Súwretlew ónerinin tiykarǵi waziypalarinin biri oqiwshilarǵa estetikaliq, atap aytqanda kórkemlik beriwden ibarat. Estetikaliq tárbiya bul oqiwshilardin túrmisindaǵi, tábiyattaǵi, kórkem ónerdegi adamlardin óz-ara qatnasiǵindaǵi gózzalliqlardi toliq túsiniw uqibin tárbiyalaw hám gózzalliq nizamliqlari tiykarinda dóretiwshiligin ósiriwden ibarat. Óytkeni, gózzalliq adamlardin aqil-oyina, kewil-kúshine, erkine tásir jasap, ruwxiy dúnyasin bayitadi.

Solay etip, mektepte súwretlew ónerin oqitiw arqali bir qatar tálim tárbiyaliq waziypalar ámelge asiriladi. Bul waziypalardi ámelge asiriw oqiwshilardin oy-órisin rawajlandiriwǵa múmkinshilik beredi, olardin qorshaǵan ortaliq tuwrali túsiniklerin uliwmalastiradi hám terenlestiredi. Usilardin tiykarinda balalarda dúnyaǵa kóz-qaras qáliplestiriledi.

Súwretlew óneri sabaqlarinda oqiwshilar miynet tárbiyasin ámelge asiriwdaǵi múmkinshilikleri úlken. Bul másele súwretlew óneri sabaqlarinin bárshe túrleri – naturaǵa qarap súwretlew, kompozitsiya, ónertúsinik tiykarlari shiniǵiwlari mazmuninda kózde tutilǵan .

Naturaǵa ózine qarap súwretlew barisinda oqiwshilar turmista qollanilatuǵin túrli buyimlar, paliz hám miyweler súwretin isleydi. Oqitiwshi jumis barisinda oqiwshilar ózbetinshe jumis baslamaslarinan aldiń naturani qisqasha taliqlap, tek buyimlar formasi, proportsiyasi, reńi hám dúzilisi haqqinda emes, bálki olardi dóretiw ushin sariplanǵan úlken miynet haqqinda sóylep beredi.

Misali, túrmisqa qollanilatuǵin ayirim súwretlew óneri buyimlariniń ózine qarap súwret sizdiriwda oqitiwshi oqiwshilarǵa buyimlardiń waziypasi, formasi, olardiń qanday materiallardan jasalǵani, buniń ushin qansha miynet sariplanǵani hám basqalar haqqinda toqtatiladi.

Mektepte súwretlew óneri estetikaliq tarawindaǵi oqiw predmeti esaplanip, oqiwshilarda badiiy hám estetikaliq didińiń rawajlaniwinda zárúr rol oynaydi, yaǵni súwretlew óneri sabaqlarinda kórkem ónerdegi hám barliqtaǵi gózalliqti kóriw, túsiniw hám qádirle alw sezimi rawajlanadi [II. 9, 123-125].

Mektepte súwretlew dóretiwshiligi oqiw predmetiniń arnawli waziypalariniń qatarina tómendegilerdi kirgiziwge boladi:

Oqiwshilarda qorshaǵan dógerektegi zatlarǵa hám waqiyalarǵa estetikaliq qatnas jasawdi payda etiw, olarda gózzalliqti seze biliwge, túsiniwge jáne usi seziw hám túsiniwlerdi túrmista qollaniwǵa úyretiw;

Kórkem mádeniyat kórinisleri hám olardiń jámiyet túrmisindaǵi rolin túsiniwin rawajlandiriw;

Estetikaliq hám emotsionalliq sezimtalliqti ósiriw. Kórkemlik-praktikaliq tájiriybesin qáliplestiriw;

Oqiwshilarǵa realistik súwret saliwdiń negizleri haqqinda bilim beriw, olardi zattiń ózine qarap súwretin saliw, yadtan, oylaw júrgiziw arqali súwret saliw boyinsha kórgiziwler hám tájiriybeler payda etiw;

Túraqli hám maqsetke muwapiq túrde kórip oy júrgiziwdi, reń seziwdi, kompozitsiyaliq mádeniyatti, keńislik boyinsha oy júrgiziwdi,

fantaziyani, kóriw arqali oy júrgiziw hám kombinatsiyalaw, dóretiwshilik waziypalardi ayqin obrazlarda sheshe biliwdi rawajlandiriw;

Dekorativlik qollanba kórkem óner sirlariniń ózine tán ózgeshelikleri menen tanistiriw, súwretlew kórkem óner sirlariniń barliq oqiw sabaqlarin balalarda dóretiwshilik uqipti, estetikalıq talǵamdi, oy júrgiziwdi ósiriwge baǵdarlaw;

Oqiwshilardi súwretlew kórkem ónertaniw hám dekorativlik-qollanba kórkem ónertaniw, arxitekturaniń ózine tán ózgeshelikleri menen tanistirip barip, olarda bul kórkem óner tiliniń ózine tán ózgeshelikleri haqqindaǵi túsiniklerdiń ósiwine járdemlesiw;

Olarda shiǵarmalarǵa baylanisli emotsionalliq oy júrgiziwdi, kórkem ónerǵe qiziǵiwshiliqti hám oni  súyiwdi tárbiyalaw.

Arnawli  jónelisler boyinsha súwretlew óneri oqiw  predmetin oqitiwda hár bir oqitiwshi tiykarǵi  itibardi nelerge  qaratiliwin biliw aliw kerek boladi. Súwretlew ónerin oqitiwda oqitiwshiniń itibar beriwi lazim bolǵan tiykarǵi tárepleri tómendegilerden ibarat:

Oqitiwshilardi bolmistaǵi (dógerek – átirapdaǵi) hám óner shiǵarmalarindaǵi náziklikti kóriwge, seziwge hám onnan zawiqlaniwǵa hámde qádirlewge úyretiw.

Balalardi dóretiw, asbtrakt, mantiqiy pikirlewge, ayriqsha dóretiwshilik qábiletlerin hám fantazitsiyalarin  ósiriwge  baǵdarlaw.

Súwretlew, ámeliy, arxitektura ónerleri júzesinen teoriyaliq, biraq uliwmaliq elementar bilimler beriw.

Oqiwshilarda baqlawshiliq kóz aldina keltir iw, shamalaw, keńeslikti kóz aldina keltiriw usaǵan shaxs ushin  zárúr bolǵan sipatlardi   ósiriw.

Súwretlew hám naǵis, músin islep barisinan  súwretlew tájiriybelerin ósiriw.

Naturaǵa ózine qarap súwretlew protsessinde oqiwshilar túrmista qollanilatuǵin túrli buyimlar, paliz hám miyweler súwretiń isleydi. Oqitiwshi jumis protsessinde oqiwshilar ózbetinshe jumis baslamaslarinan aldin naturani qisqasha taliqlap, tek buyimlar formasi, proportsiyasi, reńi hám dúzilisi haqqinda emes, bálki olardi dóretiw ushin sariplanǵan úlken miynet haqqinda sóylep beredi.

Misali, túrmisqa qollanilatuǵin ayirim súwretlew óneri buymlariniń ózine qarap súwret sizdiriwda oqitiwshi oqiwshilarǵa buyimlardiń waziypasi, formasi, olardiń qanday materiallardan jasalǵani, buniń ushin qansha miynet sariplanǵani hám basqalar shaqqinda toqtatiladi. Soniń menen birge, ózbek xaliq ámeliy óneri haqqinda sawbet sabaqlarinda oqitiwshi olardiń túrleri hám ustalariniń miynet qahramanliǵiniń ózine tán tárepleri haqqinda aytip beredi.

Nátiyjede, oqiwshilar miynet insan baxitiniń ruwxiyliq hám ádep-ikramliliq deregi, hár qanday insan miynet qilmaǵi hám miynetti súyiwi tiyis, degen juwmaqqa keledi. Soniń menen birge, balalar adamlar tek ózi ushin emes, jámiyet ushin miynet qiliwlari kerek, miynet kisilerge hám olar jaratqan buyimlarǵa qaraǵanda húrmetler qaraw tiyisligi haqqinda oylawǵa iye boladi [II. 4, 98-100].

Mektepte súwretlew óneri estetikaliq tarawindaǵi oqiw predmeti esaplanip, oqiwshilarda badiiy hám estetikaliq didiniń rawajlaniwinda zárúr rol oynaydi, yaǵniy súwretlew óneri sabaqlarinda kórkem ónerdegi hám barliqtaǵi gózalliqti kóriw, túsiniw hám qádirle alw sezimi rawajlanadi.

Naturani taliqlaw protsessinde oqitiwshi oqiwshilardiń diqqatiń buyimlar formasiniń nafisligi, bóleklerdiń proportsionalliǵi, forma hám reń uyǵinliǵi, mazmun, forma hám waziypaniń masliǵi siyaqlilarǵa tartadi. Nátiyjede, oqiwshilarda naturaǵa qaraǵanda emotsional-estetikaliq qatnasiqlar asadi.

Oqiwshilar naǵis siziwda, dekorativlik-bezew islerinde tábiyat elementlerinen paydalanadi. Buǵan tábiyat ónimleri jaqsi material bolip xizmet qiladi. Oqiwshilar tábiyat materiallari hám haywanat dúńyasi stilizatsiyalastiriw, qaytalanmas hám shirayli naǵislar dúzedi .

Súwretlew óneri átirap-ortaliqti seziw, odaǵi waqiya hám qubilislardi ózine tán táreplerin biliwdi talap etedi. Soniń ushin súwretlew óneri sabaqlarinda oqiwshilar siziqli hám hawa perspektivasi, jaqtisaya, reńtaniw, kompozitsiya nizamlarin jaqsi biliwleri talap etiledi. Súwretlew óneri dástúrinde oqiwshilardin bul nizamlardi ózlestiriwleri kózde tutiladi. Perspektiva nizamarin ózlestirmesten realistikaliq súwret jaratiw múmkin emes desek qáte bolmaydi. Súwretshi yaki oqiwshiniń súwret siziw metodikasi hár qiyli boliúi múmkin, leykin súwret yaki súwretlew óneri shiǵarmalariniń qurilisi bir qiyli, ilimiy tiykarda boliwi shárt. Perspetiva nizamlari esaplanǵan siziqli hám hawa perspektivasi, oq siziǵi, kesilisiw tochkasi, baqlaw tochkasi, buyimdi bir yaki eki baqlaw tochkai tiykarinda súwretin islew, ólshewlerdin ózgeriw perspektivasi, ash-toqliqti ózgeriw perspektivasi, reńlerdiń ózgeriw perspektivasi, forma hám shegaralardaǵi aniqliqtiń kemeyiwi perspektivasi hám b. realistikaliq súwret islewge úyreniwdiń tiykarin quraydi.

Ilimiylik printsipi súwretlew óneri oqitiwshilarinan sabaq protsessinde hám klasstan tisqari jumislarda oqiwshilarǵa berilip atirǵan bárshe material hám maǵliwmatlar ilimiy boliwin, mektep ámeliyatinda teksirilgen hámde oqiwshilardiń jas ózgesheliklerine mas boliwin talap etedi.

Súwretlew ónerin oqitiwda iskusstvoniń insan ómirindegi rolin túsine biliw júdá zárúr. Kórkem óner sotsial sananiń ayriqsha formasi ekenligin názerde tutiw kerek. Súwretlew óneri oqitiwshisi soni túsiniwi kerek, oqiwshilar barliqtaǵi nárselerdi siziw protsessinde olardiń tek sirtqi kórinisine emes, bálki oniq málim nizamliqlarina tiykarlanǵan ishki dúzilisin hám bilip aliwlari talap etiledi. Kóp hallarda bul nizamliqlardi bilmeytuǵin oqiwshilar buyimlardiq formasin tuwri súwretlewde adasadi.

Kórgezmelilik printsipi – súwretlew ónerin oqitiwda barliqtaǵi nárse hám qubilislardiń mánisin biliwge, oniń xarakterli ózgesheliklerin hám nizamliqlarin úyreniwge kómeklesedi.

Oqitiwshida hár dayim hám úyrenip atirǵan obektti  kórsetiw múmkinshiligi bola bermeydi, bunday hallarda oǵan kórzemelelik járdem beredi. Bul oqiwshliarda usi tarawǵa  bolǵan qiziǵiwdi janlantiradi.
Oqiwshi naturadan súwret siziw protsessinde bárqulla izelenedi,  formlardi salistiradi, naturaniń dúzilisi, ólshewleri, formalari, reńi siyaqlilariń bilip aladi. Bulardiń hámmesi oqiwshilardi baqlawshiliqti rawajlaniwǵa alip keledi. Málimki, balalarda pikirlew konkretlikten abstraktlikke bariw protsessinde rawajlanadi. Túsinik hám asbtrakt qaǵiydalar málim dálil, misal hám obrazlar menen bekkemlengende ǵana oqiwshilar  sanasina ańsat  jetip baradi [II. 5, 101-104]. Kórgezmelilik súwretlew óneri sabaqlarinda basqa oqiw predmetlerindegidey járdemshi emes, bálki oqiwshilardi túsinik hám  oylawlar payda qiliwshi tiykarǵi material. Naturaniń  ózine qarap súwret siziw sabaqlarinda  oni naturasiz oylap bolmaydi. Bul orinda súwretlew óneri sabaqlarinda kórgezmelilik printsipiniń roli júdá úlken.
Sabaqlar ushin kórgizmeli kurslar tayarlaw hám tanlawda olarǵa tómendegishe talaplar qoyiladi:
1. Sabaqtiń maqset hám waziypaarina masliǵi;
2. Oqiwshilardiń jas ózgesheliklerine masliǵi;
3. Kórgezmeniń aniqliǵi, túsinikli boliwi;
4. Súwrettiń sipatli boliwi;
5. Kórgizmeler óziniń reń-báranliǵi menen oqiwshilarda  zawiq hám  qiziǵiw oyatiwi;
6. Estetikaliq talablarǵa masliǵi.
Súwretler, shiǵarmalardiń reporduktsiyalari, kórkem  shiǵarmalarǵa islengen illyustratsiyalardi tanlawda tómendegiler itibarǵa aliniwi kerek: 1. Materiallardiń ideyaliliǵi; 2. Olardiń kórkemligi; 3. Súwretlew óneri

sabaqlariniń oqiw-tárbiya waziypalarina masliǵi; 4. Balalar qabil etiwine masliǵi .
Kórgezmelilikten orinli, maqsetke muwapiq rawishte oqiwshilardiń jas ózgesheliklerin itibarǵa alǵan halda paydalanilsa, ol jaqsi nátiyjeler beriwi múmkin.
Kórgizmeliliktiń eki túri bar: 1. Tabiyiy kórgezmeli qurallar; 2. Súwretlew kórgizmeli qurallar. Tabiyiy kórgizmeli qurallarǵa forma, reńi, dúzilisi tabiyiy bolǵan buyimlar (miywe hám palizlar , túrmis buyimlari, oqiw qurallari, ámeliy óner buyimlari hám b.)ni kiritiw múmkin. Súwretlew kórgizmeli qurallarǵa súwretler, tablitsalar , haywan quslardiń tulumlari, súwretlerdiń reproduktsiyalari, geometrikaliq gipsli formalar, pedagogikaliq súwretler, fotografiya hám basqa suńiy usil menen tayarlanǵan súwretlew qurallar kiradi. Sanap ótilgen kórgezmeli qurallar tómendegishe toparlanadi:

1. Miynet hám túrmis buyimlari. Olar geometrikaliq formalar, paliz ónimler, miyweler, qúslar, haywanlar, gúller hám ósimlikler ámeliy óneri buyimlari;
2. Buyimlardiń dúzilisi, perspektivaliq nizamlari, jaqti-saya reńtaniw, dekorativliq stilizatsiyaǵa tán, geometrikaliq formadaǵi simdan jasalǵan modeller, vidoiskatel hám basqa kórgezmeler;
3. Súwretler hám tablitsalar. Onda súwret hám naǵis siziwdaǵi izbe-izlilikti, átirap-ortaliqtiń perspektivaliq kórinisleri, ámeliy óner shiǵarmalariniń súwretleri;
4. Súwretshiler shiǵarmalariniń reproduktsiyalari, ámeliy óner shiǵarmalariniń súwretleri. Bunday kórgezmeli qurallar járdeminde jaqtisaya hám reńtaniw, kompozitsiya nizamlari túsindiriledi;
5. Balalarǵa naturani siziwda ketme-ketliktin, hár qiyli eksponatlar menen islew metodikasin, buyimlardiq qurilisin, súwretlenip atirǵan

predmetler hám obektlerdiń keńislik halatiń kórsetiwshi pedagogikaliq súwretler hám basqalar;

6. Kórsetilgen kórgezmeli qurallar (diapozitivlar, diafilmlar, slaydlalar, kinofilmlar). Bular arqali oqiwshilar túrli súwretshiler, xaliq ámeliy óneri ustalari menen, súwretlew óneri shiǵarmalarin jaratiw texnikasi hám texnologiyasi menen tanisadi.

Ayirim oqitiwshilar kórgizmeliliktiń rolin natwri bahalap, bul máselede qopal qátege jol qoyadi. Olar professor-oqıtıwshılar hallarda kórgizmeli quraldiq bar emesliginen olardiq rolin natuwri túsinigenliklerinen oqiwshilarǵa túrmusta ushiraytuǵin buyimlar, ósimliklerdiń súwretin esinde saqlaw súwretlewdi waziypa qilip beredi. Este saqlawda súwret siziwdi, átirap-ortaliqtaǵi buyimlardiń formasi, dúzilisi, reńi, jaqti-sayasin natuwri qabil qiliwǵa alip keledi.

Hár qanday túrdegi nárseniń ózine qarap súwretiw siziw, kompozitsiya, kórkemtanıw tiykarlari sabaqlarinda hám klasstan tisqari jumislarda kórgizmelilik ózine tán ózgesheliklere iye. Ilyustrativ súwret islew sabaqlarinda kórkem shiǵarma mazmuni menen baylanisli usi dáwir kisileriniń túrmisi hám miyneti, tábiyat hám miymarshiliq kórinisleri, soniń menen birge tema menen baylanisli tábiyat obektleriń baqlawǵa alaqadar bolǵan kórgezmeli qurallar kórsetiledi .

Dekorativliq kompozitsiya sabaqlarinda kórgizmelilik baǵdarlarda paydalaniladi. Misali, «Nawriz» bayrami ushin miratnama bezew eskizin islew sabaǵinda usi temadagi otkritkalar kórgizme waziypasin óteydi. Soniń menen birge, chaynik hám utyug tagliklariniń kórkem eskizin dúziw sabaqlari ushin chaynik, utyug hám túrli qiyli tagliklar kórgizme bolip esaplanadi [II. 19, 65-68].

Pedagogikaliq súwret siziwdiń keń tarqalǵan túri oqiwshilardiq doskada yaki qaǵazda súwret sizip kórsetiwi esaplanadi hám balalarǵa ámeliy járdem

beriwde qol keledi. Pedagogikaliq súwrettiń áhmiyeti sonda, u tuwridan-tuwri oqiwshilardiń kóz aldinda orinlanadi. Ol oqitiwshiniń pikirlerin oqiwshilarǵa ańsat jetkeziwde járdem beredi. Doskadaǵi súwret oqitiwshiniń tiykarǵi ideya hám pikirlerin ózinde sáwlelendiriwi tiyis. Tosattan hám ekinshi dárejeli súwretlerge klass doskasinda orin bolmasliǵi kerek. Doskada súwret siziw hámme oqitiwshilardiń (tájiriybeli hám maǵliwmatli oqitiwshiniń) qolinan kele bermeydi. Ol oqitiwshidan málim tayarliqti talap etedi. Bul tayarliq ayriqsha shiniǵiwlardi orinlawdi názerde tutadi. Súwretlew ónerin oqitiw metodikasina tán kórgizmeli qurallar jeterli bolmaǵan hallarda olardi oqitiwshilardiń ózleri tayarlawlarina tuwri keledi. Bunda soni esapqa aliw tiyis, hámme kórgizmeli qurallar hám paydali bola beormeydi, ayrim kórgizmeli qurallar oqiw hám tárbiyaliq islerge jaman tásir kórsetiwi múmkin.

Oqitiwshi kórgizmeli quraldi paydalaniw ólshemin bilgende ǵana ol jaqsi nátiyjege erisiwi múmkin. Kórgimeli materiallardiń hádden tisqari professor-oqıtıwshılar boliwi oqiwshilar diqqatin tiykarǵi máseleden shalǵitadi hám nátiyjede tiykarǵi zat itibardan shette qaliwi múmkin. Kórgizmeliliktiń jeterli bolmasliǵi oqitiwshi tárepinen pikirdi shala hám júzeke boliwina alip keledi. Kórgizmeli quraldan paydalaniw máseleleri oqitiwshiniń tili menen baylanisli . Til hám kórgizmeliliktiń uyǵinliǵi eki tárepinen paydali boliwi eki jayda kórinedi. Birinshiden, oqitiwshiniń tili kórgizmelilikke kómeklese, ekinshiden kórgizmeliliktiń oqitiwshi tiline kómeklesedi.

Oqitiwdiń sanali boliw hám oqiwshilarniń biliw aktivligi printsipi. Oqiw protsessiniń ostiriwshi hám tárbiyalawshi rolin asiriwǵa alip keledi. Sanaliliq printsipiniń áhmiyeti pán, tenika hám mádeniyat gúrkirep rawajlanǵan házirgi dáwirde ayriqsha áhmiyetke iye boladi. Bul printsip oqitiwshi tárepinen berilip atirǵan bilimlendi sanali, túsingen halda ózlestiriwdi bildiredi. Oqiwshilar bul bilimlerin kwr-kwrona emes, bálki berilip atirǵan túsinik, maǵliwmatlardi mánisin ańlap jetegende ǵana olardiń bilimleri tereń hám bekkem boladi hám

ol balalar este saqlawinda uzaq saqlanadi. Buǵan erisiw ushin oqiwshilardiń aktivligi, diqqati hám ózbetinshe jumislari zárúr áhmiyetke iye boladi. Ayriqsha, ózine qarap súwret siziq sabaqlarinda naturani sinshiklep úyreniw olardiń dúzilisi, kólemi, formasi, ólshew hám reńlerindegi xarakterli ózgesheliklerin biliw kerek boladi.

Misali oqiwshi: 1). súwretlew ónerin kisiler túrmisindaǵi áhmiyetin túsinip jetiwi; 2). kompozitsiya islegende oniń nizam hám qaǵiydalarina ámel qiliwi; 3). naturaniń dúzilisi, ólshewleri, formalari, reńlerine qatiy ámel qiliw; 4). hár qanday nárse tiykarinda ol yaki bul geometrikaliq forma jatiwi; 5). súwret sizǵanda oq siziǵinan sizip aliw hám kóriw tochkasina ámel qiliwi [II. 12, 107-109].

Súwretlew óneri shiǵarmalarina tán materiallardiń sanali ózlestiriliwi ilimiylik printsipi perspektiva, reńtaniw, optika hám jaqtisaya nizamlari, anatomiyadan bázi maǵliwmatlarǵa iye boliwi menen baylanisli. Bul nizamlardi iyellemesten túrip, oqiwshilar óz súwretlew óneri xizmetlerin tuwri ámelge asira almaydi. Kóz aldimizǵa keltirip kóreyik, oqiwshi úyzinde siziw ushin geometrikaliq formadaǵa túrmis buyimlarinan natyurmort qoydi. Ol perspektiva nizamlari, oq siziǵi, baqlaw tochkasi, buyim hám súwret tegisligi, kesilisiw tochkasi, zatlardiń ólshemlerin perspektiv qisqariwin bilmey túrip ol aldina qoyǵan maqsetin tuwri sheshe almaydi. Jaqtisaya nizamlari esaplanǵan tábiyǵiy hám suńiy jaritiw, túsiwshi saya, natura jaritilǵanda sayalardiq jaylasiwi, jaqti-saya, yarimsaya, blik, refleks hám basqalardiń bilmegen oqiwshi buyimlardiń kólemin tuwri súwretley almaydi.

Oqiwshilardan súwretlew ónerine tán atamalardi sanali ózlestiriwlerin talap etiliwi hám olardi buzip isletiliwine jol qoymasliq tiyis. Súwret siziw protsessinde oqiwshilardiń bázi atamalardi sanali ózlestirip aliwlarin talap etiliwi hám olardi buzip isletiliwine jol qoymasliq kerek. Súwret siziw protsessinde oqiwshilardiń bázi atamalardi ózlestirip aliwlariniń ózi jeterli emes, olarǵa

atamalardiń kelip shiǵiwi, áhmiyeti haqqinda maǵliwmatlar beriw kerek boladi. Bul oqiwshilarǵa ilimiy túsiniklerdi, atamalardi tuwri isletiwlerine járdem beredi. Oqiwshilar qubilislardiq bir-biri menen ózara baylanisliǵin túsiniwler júdá zárúr. Qubilislardi úyreniwde olardiń rawajlaniwin názerde tutqan halda qarama-qarsiliqtiń sebeplerin hám túsindire aliwlari kerek boladi.

Oqiwshilardiń aktivligin asiriwda maqsetke muwapiq baǵdarlanǵan mashqalaalri waziypalardi qollaw úlken járdem beredi. Izertlew nátiyjeleri hám oqitiwshilardiń isleri soni kórsetedi, súwretlew ónerin oqitiwda ózlestirip bolinǵan bilim hám eplilikler olardi tek tiklew emes, bálki jańa materiallardi tereń ańlawǵa, dúńyaqarasqǵa tán juwmaqlar shiǵariwǵa xizmet qiladi.

Logikaliq waziypalardi sheshiw mashqalali oqitiw menen baylanisli. Mashqalali situatsiyalar payda qiliw logikaliq waziypalardi sheshiwge sharayat jaratadi. Logikaliq pikirlew predmet hám qubilislardaǵi eń zárúr táreplerin ajirata aliw, professor-oqıtıwshılar dáliller ishinde tipiklerin kórsete aliw qáliplesken túsiniklerjden tuwri paydalaniw, perspektiva, reńtaniw, kompozitsiyaniń tiykarǵi nizam hám qaǵiydalarina ámel qiliw múmkinshiligin beredi.

Átirap-ortaliqti tuwri túsiniw ushin oqiwshilar qubilislardiń sebepleri hám aqibetleriń kórip hám bilip aliwlari kerek. Bul dialektikaliq pikirlew hám juwmaq shiǵariwdiń qáliplesiwine kómek beredi.

Bizinshe, oqitiwda oqiwshilardiń ózbetinshe protsessin aktivlestiriwde hám dóretiwshilik pikirlewdi rawajlantiriwda bilimlerdiń mashqalali bayan etiw jolinda keń paydalaniw hám izleniw hám ilimiy izertlew metodlarin qollaw tiyis. Oqitiw protsessiniń nátiyjeligin asiriw tuwridan tuwri oqiwshilardiń aktiv psxikaliq xizmeti (intellktualliq, emotsianalliq) menen baylanisli. Bunda ideyalardi tereń túsiniw kemlik qiladi. Leykin, sonday ámeliy xizmet shólkemlestiriw tiyis, onda ideyalar ishki sezimler arqali toliq sanali ráwishte

háreket arqali aniq sawlelensin, bekkemlensin. Buǵan kórkem shiǵarmalardi kórkem oqiw, gúrriń qiliw, muzika tińlaw, slaydlar kórsetiw arqali erisiw múmkin. Eger oqitiwshi waqiya hám qubilislardi táreplewde olardiń gózalliǵin, nafisligi, jaǵimliliǵina ayriqsha itibar berse, talay nátijelerge erisiwi múmkin. Soniń menen birge, buyimlardiń formalari, ólshewlerindegi proportsionalliq, jaqtisaya nisbatlari hám basqalardi súwretlew óneri shiǵarmalari arqali taliqlaw tiyis.
Oqitiwdi aktivlestiriw ushin oqiwshilardi sistemali hám máselege muwapiq rawishte xoshametlew hám zárúr áhmiyetke iye. Jaqsi islerdi pútin klassqa kórsetiw yaki olardi mektep kórgizmesine usinis etiw, óz kúshine isendiriw, obektiv kritikalaw, túrli qiyli járdemler arqali oqiwshilardi xoshametlew múmkin. Oqitiwshinń tájiriybe hám bilimi kúshli oqiwshiniń ózbetinshe xizmetke qaratilǵan boliwi kerek. Balalarǵa járdemshi soraw, is baǵdari hám kemshililkerin kórsetiw arqali járdem beriw kerek. Basqa pánlerde bolǵaniday, súwretlew óneri sabaqlarinda materiallardi sistemali hám izbe-iz bayan etiw printsipi zárúr áhmietke iye. Bul printsip pútin kurs dawaminda oqiw mtaeriallarin logikaliq ketme-ket jaylasiwin há hár bir tema aldindan alinǵan bilim, kónikme hám tájiriybelerge súyengen halda, jańa materiallardi ótilgenler menen baylanisli bayan etiliwi tiyisligin názerde tutadi [II. 18, 111-113].
Ámeldegi súwretlew ónerinde mámleketlik tálim standarti materiallarin bayan etiwdiń tek málim izbe-izlikte ámelge asiriwdi ǵana emes, bálki oniq sistemali boliwin názerde tutadi. Bázi sonday hallar hám boladi, bunda oqitiwshilar bilim beriwiniń bul zárúr printsipin tuwri bahalay almaydi. Oqiwshilarǵa berilip atirǵan waziypalarda balalardiń aldin alǵan bilim hám kónikpeleri esapqa alinmaydi. Nátiyjede olar berilgen waziypani orinlay almaydi. Soniń ushin is rejelerin sonday dúziw kerek, oqiwshilar hár bir sabaqta jańadan jańa máselelerdi sheshilsin. Leykin, jańa materiallardi oqiwshilar ótilgen materiallardi ózlestiiw hám bekkemlep alǵanlarinan soń beriw tiyisligin esapqa aliw tiyis.

Oqitiwdiń oqiwshilar jasina masliǵi printsipi áyyemden qollanip kelingen. Bunda, jaqinnan uzaqqa, málim den namálim, apiwayidan qiyinliqqa, ańsattan qiyinǵa, koknertlikten abstraktlikka printsiplerine tiykaralandi. Pedagogikada bul printsip áyyemden tájiriybede ótkenligi sebepli oqitiwshini óz xizmetinde usi joldan kózlengen maqsetke erisiwge tiykar boladi. Orni kelgende soni aytip ótiw tiyis, hámme ańsat zatlar hám balalarǵa túsinikli boliwi múmkin. Bunda oqiwshilardiq jasi, pedagogikaliq-psixoogiyaliq ózgesheligi, bilim dárejesi, tayarliǵi, qábileti zárúr rol oynaydi. Misali, súwretlew ónerin oqitiwda jaqinda uzaqqa bariw printsipinde is tutiw maqsetinde oqitiwshi aldi menen balalarǵa jaqǵin bolǵan Didaktikaliq printsipler oqiwshilardiń kórkem tálimi, tárbiyasi hám rawajlaniwina tiyisli shárt-sharayatlardi jaratadi.

# JUWMAQLAW

Suwretlew óneri sabaqları processinde oqıwshılardıń kórkemlik dóretiwshiligi hám sezgirligi ósedi, kórkemlikti pikirlew sheńberi keńeyedi. Olar zattıń ózine qarap, tema tiykarında, oylaǵanların kóz aldına keltirip suwret salıwdı, dekorativ-ámeliy jumıslar islewdi, quramalıraq is usılların atqarıwdı ózlestiredi.

Oqıwshılardıń bilim, tájriybe hám kónlikpelerine qoyılatuǵın talaplar artıp baradı. Bul oqıwshılardan burıńǵıǵa qaraǵanda kóbirek óz betinshe, wazıypaǵa dóretiwshilik penen jaqınlasıwdı talap etedi. Hár bir sabaqtıń maqsetin anıqlawda hám ámelge asırıwda úyretiwshi, rawajlandırıwshı, tárbiyalawshı baǵdarlardı belgilep alıw lazım. Súwretlew ónerinıń tiykarǵi waziypalariniń biri oqiwshilarǵa estetikaliq, atap aytqanda kórkemlik beriwden ibarat. Estetikaliq tárbiya bul oqiwshilardiń túrmisindaǵi, tábiyattaǵi, kórkem ónerdegi adamlardiń óz-ara qatnasiǵindaǵi gózzalliqlardi toliq túsiniw uqibin tárbiyalaw hám gózzalliq nizamliqlari tiykarinda tvorchestvasin ósiriwden ibarat. Óytkeni, gózzalliq adamlardiń aqil-oyina, kewil-kúshine, erkine tásir jasap, ruwxiy dúńyasin bayitadi [II. 20, 106-111].

Solay etip, mektepte súwretlew ónerin oqitiw arqali bir qatar tálim tárbiyaliq waziypalar ámelge asiriladi. Bul waziypalardi ámelge asiriw oqiwshilardiń oy-órisin rawajlandiriwǵa múmkinshilik beredi, olardiń qorshaǵan ortaliq tuwrali túsiniklerin uliwmalastiradi hám tereńlestiredi. Usilardiń tiykarinda balalarda dúńyaǵa kóz-qaras qáliplestiriledi.

Ǵárezsizliktiń dáslepki kúnlerinen baslap respublikamizda xaliq tálimin túpten ózgertiriw, oni dúńyaniń rawajlanǵan mámleketleri dárejesine alip shiǵiw máselesi kún tártibine qoyildi. Nátiyjede uliwma orta tálim mekteplerindegi barliq oqiw pánleri qatari «Uliwma tálim mekteplerinde súwretlew óneri tálimi

kontseptsiyasi» payda boladı hám onda kórsetilgen talaplar tómendegiler esapqa alinǵan edi:

Ǵárezsiz Ózbekstan jaǵdayindaǵi mektep jasındaǵı balanıń rawajlantiriwǵa bolǵan zamanagóy talaplar;

Tálim-tárbiyani milliy mádeniyat hám óner tiykarinda ámelge asiriwdi kúsheytiriw ;

Tálim-tárbiyani ámelge asiriwda Ózbekstan Shiǵis mámleketi ekenligin esapqa aliw hám usi tiykarinda kórkem tálim mazmunina tiyisli ózgertiriw kiritiw;

Mekteptegi kórkem tálimdi ámelge asiriwda balalardi pikirlewge, iske dóretiwshilik múnásibette boliwliǵin kúsheytiriw, olardi joqari sezim hám mádeniyatli qilip tárbiyalawǵa qaratiw ;

Mektepte balalardi súwretlew ónerinen bilim hám tájiriybelerin puxta iyellewge qaratiw. Usi tiykarinda tabaqalastirilǵan kórkem tálimdi júzege shiǵariw;

Ózbekstan mekteplerinde súwretlew óneri tálimi mazmuni dúńya standartlari dárejesine alip shiǵiw.

Suwretlew óneri sabaqlarınıń tiykarǵı maqseti oqıwshılardı arnawlı bilim hám tájiriybeler menen qurallandırıw jáne Watanǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa qaratılǵan. Ol dógerektegi predmetlerge hám waqıya hádiyselerge, suwretlew ónerine estetik qatnasıqlardı qáliplestiredi, olardıń gózzallıǵın ańlay biliw túsinigin rawajlandıradı.

Sol nárseni ayrıqsha atap ótiwimiz kerek, yaǵnıy házirgi kúnde suwretlew ónerin oqıtıwda balalardıń dóretiwshiligin arttırıw, qorshaǵan ortalıqtı hám kórkem-ónerdegi gózzallıqlardı sezdiriw, iskusstvo shıǵarmaların túsiniw oqıwdıń texnikalıq qurallarınan nátiyjelirek paydalanıw, emocional estetik jaǵday payda etiw, predmetler aralıq baylanısqa ayrıqsha kewil bóliw, sabaqtıń barısında problemalıq jaǵdaylar keltirip shıǵarıw, sabaqlardı oyın túrinde

ótkeriw arqalı olardıń aktivligin arttırıw, barlıq sabaqlarda kórgizbeli qurallardan maqsetke muwapıq paydalanıw, ásirese oqıwshılardı óz betinshe islew hám bilim alıwǵa úáretiw ayrıqsha áhmiyetli.

Suwretlew óneri iskusstvasınıń tiykarǵı wazıypalarınıń biri oqıwshılarǵa estetikalıq, atap aytqanda kórkemlik beriwden ibarat. Estetikalıq tárbiya bul oqıwshılardıń turmısındaǵı, tábiyattaǵı, iskusstvadaǵı adamlardıń ózara qatnasıǵındaǵı gózzallıqlardı tolıq túsiniw uqıbın tárbiyalaw hám gózzallıq nızamlıqları tiykarında tvorchestvasın ósiriwden ibarat. Óytkeni, gózzallıq adamlardıń aqıl-oyına, kewil-kúshine, erkine tásir jasap, ruwxıy dúnyasın bayıtadı.

Solay etip, mektepte suwretlew ónerin oqıtıw arqalı bir qatar tálim tárbiyalıq wazıypalar ámelge asırıladı. Bul wazıypalardı ámelge asırıw oqıwshılardıń oy-órisin rawajlandırıwǵa múmkinshilik beredi, olardıń qorshaǵan ortalıq tuwralı túsiniklerin ulıwmalastıradı hám tereńlestiredi. Usılardıń tiykarında balalarda dúnyaǵa kóz-qaras qáliplestiriledi [II. 18, 123-125].

Súwretlew óneri sabaǵı kórkem óner arqalı balanıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriwi tiyis. Sebebi mine usı kórkem óner gózzallıqtı túsiniw sezimin oyatadı, ideyalar hám sezimler arasındaǵı baylanıs xızmetin atqaradı, barlıq mádeniyatlar ushın ulıwma ortaq til bolıp tabıladı. Qıyal menen kóz aldına keltiriwge járdem beredi, oqıwshını arnawlı qızıǵıwshılıqlar, uqıplılıqlar hám múmkinshilikler tarawına jeteleydi, islep shıǵarılǵan ónimlerdiń sapası hám orınlanıw sheberligi haqqında oylawdı rawajlandıradı, jarasıqlılıqtı seziwdi, kúndelikli turmıstıń hár qıylı táreplerin rawajlandırıwǵa, bos waqıttan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa úles qosadı hám bul jerde geyde kórkem óner shıǵarmaları menen sabaq waqıtında dáslepki tanısıwlar reprodukciyalar yamasa slaydlar járdeminde baslanǵanlıǵınıń záleli joq, sebebi bul gózzallıq penen ushırasıw boladı, solay etip oqıwshınıń sabaqtı ózlestiriwi shólkemlestiriledi.

Álbette, haqıyqıy kórkem ónerdiń túp nusqasınıń tásir etiw kúshi menen hesh nárse de teńlese almaydı. Biraq kórkem óner shıǵarmaların túsinip ózlestiriwdiń

durıs shólkemlestirilgen barısı oqıwshını «janlı» shıǵarma menen ushırasıwǵa tayarlaydı, balalarda onıń menen qatnasta bola alıw qábiletiniń rawajlanıwına járdem beredi. Bunıń ushın oqıwshılardıń sezim arqalı qabıl etiw qábiletleri dóretiwshilik jumıslarǵa baǵdarlanatuǵın keypiyat shárayatın jaratıw zárúr.

Buǵan birinshi gezekte muǵallimniń jeke qızıǵıwshılıqlarınan kelip shıǵıp bezelgen, barlıq zárúrli úskeneler menen támiyinlengen, súwretlew óneri kabineti múmkinshilik jaratadı. Kórkem óner kabineti, ol jerde balalardıń dóretiwshiligin rawajlandırıw ushın zárúr bolǵan hámme nárse bar, súwretshiniń ustaxanasına aylandırılıwı, sabaqtıń dramaturgiyası rawajlanatuǵın orın bolıwı tiyis [II. 2, 101-102].

Belgili, gózzallıq sırların úyreniw arqalı insanlarǵa tiyisli jaqsı páziylet-keleshekke jetelew boyınsha basqa bir taraw oqıtıwshısı suwretlew, qol óner bere alatuǵın wazıypanı atqara almaydı. Shınında da, oqıwshı hám jaslardı estetikalıq hám morallıq kapalatqa jetkeriw, olarǵa hár tárepleme ruwxıy azıq beriwde suwretlew, qol óneri qániygeliginiń imkaniyatları keń.

Ǵáressiz Ózbekistanımızda úzliksiz bilim beriwdi bayan etiwi jańa bilimlendiriw standartı tiykarında bilim hám tárbiya beriwde qayta etiwde kirisilgen házirgi kúnde oqıtıwshınıń iskerligine onıń pedagogik sheberligine júdá itibar beriledi.

**Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev** aytıp ótkenindey aq tárbiyashılardıń ózine zamanagoy bilim beriw, olardıń maǵlıwmatın, bilimin jetilistiriw sıyaqlı ózi bolarlıqqa salıp, bolmaytuǵın ayrım máselelerge duwshar kelip atırmız.

## PAYDALANǴAN ÁDIBIYaTLAR:

**I. Konstitutsiya, Ózbekstan Respublikasınıń nizamları, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń ra`smiy materialları:**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг фармони. Ўзбекистон Республикаси Олий таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида. 2019 йил 8 октябрь, ПФ-5847-сон.


**II. Monografiya, kitaplar hám toplamlar:**


1. Abdirasilov S. Tasviriy san’at va uni o’kitish metodikasi. O’quv qo’llanma. Toshkent, 2011
2. Акопян К.З. Формально-структурные основания эстетической культуры // Эстетическая культура. - М.: Институт философии РАН, 1996.
3. Безрукова В.С. Основы духовной культуры: энциклопедический словарь педагога. Екатеринбург: Деловая книга, 2000.
4. Бим-Бад Б.М. Педагогический энциклопедический словарь. М.: Большая Российская энциклопедия, 2008.
5. Борев Ю.Б. Эстетика: в 2 т. Изд. 5-е, доп. - Смоленск: Русич, 1997.
6. Буров А.И. Эстетическое воспитание в школе. Вопросы системного подхода. М.: Педагогика, 1980. - 136 с.
7. Буров А.И., Квятковский Е.В. Проблемы эстетического развития личности школьника. М.: Педагогика, 1987. - 96 с.
8. Бычков В.В. Эстетика: учеб. для вузов. М.: Гардарики, 2002.
9. Выготский Л.С. Воображение и творчество в детском возрасте: психологический очерк: кн. для учителя. М.: Просвещение, 1991.
10. Выготский Л.С. Психология искусства. Анализ эстетической реакции. Изд. 5-е, доп. - М.: Лабиринт, 1997.
11. Ильин И.А. Искусство как объективная необходимость. М.: Педагогика, 1984.

12. Мелик-Пашаев А.А. Методики исследования и проблемы диагностики художественно-творческого развития детей. Дубна: Феникс, 2009.
13. Неменский Б.М. Педагогика искусства. Видеть, ведать и творить: книга для учителей общеобразовательных учреждений. М.: Просвещение, 2012.
14. Прихожан А.М. Подросток в учебнике и в жизни: кризис тринадцати лет. // На пороге взросления: сб. науч. ст. - М.: МГППУ, 2011.
15. Ражабов Р.К. Тасвирий санъат ўкитиш методикаси. Тошкент, 2008
16. Савенкова Л.Г. Воспитание человека в пространстве мира и культуры: Интеграция в педагогике искусства. М.: МАГМУ; РАНХиГС, 2011.
17. Савенкова Л.Г. Дидактика художественного образования как составляющая часть педагогики искусства: новое знание: учеб.-метод. пособие для системы общ. и высш. профес. Образования. М.: ИХО РАО, 2011.
18. Сокольникова Н.М. Методика преподавания изобразительного искусства: учеб. для студентов учреждений высш. проф. Образования. Изд. 5-е, перераб. и доп. - М.: ИЦ Академия, 2012.
19. Тарасов С.В. Образ мира: Опыт изучения категориальных структур мировосприятия школьников. СПб., 1996.
20. Фомина Н.Н. Подготовка школьников к встрече с искусством: проблема взаимосвязи восприятия и практической деятельности на уроке изобразительного искусства. М.: ФГБНУ ИХОиК РАО, 2016.
21. Хоменко К.Е. Понимание художественного образа детьми младшего возраста. М.: Изд-во МГУ, 1980. - С. 276-277.

**III. Internet-saytlar:**

1. http://www.travel.ru

2. http://www.ziyonet.uz
3. http://smallbay.ru/article/culture_holland.html